

BAB III

TRANSKRIPSI DAN TERJEMAHAN

3.1 Pengantar

Transkripsi ialah pengubahan wicara menjadi bentuk tertulis, biasanya dengan menggambarkan tiap bunyi atau fonem dengan satu lambang (Kridalaksana, 1982:170).

Transkripsi cerita kentrung AM mengikuti prinsip pemindahan secara setia, artinya semua ucapan dalam dan panjang dipindahkan ke bentuk tulisan sehingga keadaan teks tidak jauh berbeda dengan rekaman. Untuk memudahkan pembaca memahami teks cerita kentrung, pada transkripsi ditambahkan unsur-unsur bahasa tulis seperti tanda baca dan huruf besar.

Konsekuensi prinsip pemindahan secara setia ialah kata-kata yang salah ucap, mengandung dialek setempat, salah menggunakan kata, dan lain-lain; ikut dipindahkan ke bentuk tulisan. Dalam upaya agar pembaca dapat memahami teks cerita kentrung AM, kata-kata tersebut dicatat dan diberi penjelasan seperlunya pada catatan transkripsi.

Teks cerita kentrung AM yang ditranskripsikan berasal dari rekaman tanggal 9 Maret 1996, di dukuh Morangan, Desa Bulu, Kecamatan Kalangbret, Kabupaten Tulungagung. Teks ini terdiri atas tiga bagian, yaitu: pendahuluan,

batang tubuh, dan penutup. Bagian batang tubuh terdiri atas 15 babak.

Untuk menyesuaikan diri dengan bentuk aslinya, teks cerita kentrung AM di dalam bentuk tulisan diatur sedemikian rupa, sehingga dibedakan bagian yang dilagukan dengan bagian naratif dan percakapan antarpelaku cerita. Dengan merujuk pada istilah yang digunakan oleh Hutomo (1991: 228) yang meminjam istilah dari dunia pedhalangan, maka digunakan istilah *janturan* untuk menyebut bagian yang dilagukan, dan istilah *kandha* untuk menyebut bagian naratif.

Ucapan panjak di luar *janturan* dan dialog antarpelaku cerita ditempatkan di dalam tanda kurung, sedangkan ucapan dalang dan panjak yang tidak terekam ditulis dengan tanda elipsis.

Untuk memudahkan mengutip, teks cerita kentrung AM disajikan sebagai berikut:

(1) Pengatur bab demi bab:

Bab I	:	Pendahuluan
Bab II	:	Babak Pertama
Bab III	:	Babak Kedua
Bab IV	:	Babak Ketiga
Bab V	:	Babak Keempat
Bab VI	:	Babak Kelima

Bab VII	:	Babak Keenam
Bab VIII	:	Babak Ketujuh
Bab IX	:	Babak Kedelapan
Bab X	:	Babak Kesembilan
Bab XI	:	Babak Kesepuluh
Bab XII	:	Babak Kesebelas
Bab XIII	:	Babak Keduabelas
Bab XIV	:	Babak Ketigabelas
Bab XV	:	Babak Keempatbelas
Bab XVI	:	Babak Kelimabelas
Bab XVII	:	Penutup

(2) Setiap lima baris dalam setiap bab diberi angka dengan urutan sebagai berikut: 5, 10, 15, 20, 25, 30, 35, dan seterusnya. Angka ditempatkan di sebelah kiri teks.

Hubungan antara pengaturan bab dan angka pembarisan ialah apabila ada kutipan, misalnya, "Lelakonipun kados ta pundi kanjeng ibu?" (babak 4: 6-7), maka angka-angka yang terdapat di belakang kutipan berarti angka 4 mengacu pada babak keempat, dan angka 6-7 mengacu pada nomor baris pada bab yang bersangkutan.

3.1.1 Ejaan

Ejaan ialah penggambaran bunyi bahasa dengan kaidah tulis-menulis yang distandarisasikan (Kridalaksana, 1982: 38). Adapun sistem ejaan yang dipergunakan dalam transkripsi didasarkan pada Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa (1991). Kata-kata dari bahasa Arab seperti dzikir, akhirat, sholat, dan lain-lain; ditulis berdasarkan EYD

3.1.2 Penerjemahan

Penerjemahan adalah pengalihan antarbudaya dan/atau antar bahasa dalam tuturan gramatikal dan leksikal dengan maksud efek atau wujud yang sedapat mungkin tetap dipertahankan (Kridalaksana, 1982:128).

Prinsip yang dianut dalam penerjemahan cerita kentrung AM dari bahasa Jawa ke bahasa Indonesia adalah pemindahan amanat dengan memperhitungkan situasi dan kondisi bahasa penerima. Berkaitan dengan gaya penceritaan, maka prinsip yang dianut ialah gaya prosa dipindahkan dengan memakai gaya prosa, dan gaya puisi dengan memakai gaya puisi. Menurut Hutomo (1993:20), gaya prosa ialah gaya penceritaan yang tidak terikat oleh peraturan tertentu, misalnya pembarisan, persuku-kataan, pembaitan, dan lain-lain, sedangkan gaya puisi ialah penceritaan yang memperhitungkan aturan-aturan tertentu.

3.2 Transkripsi Teks Cerita Kentrung Ahmad-Muhammad

I


PENDAHULUAN

(Janturan):

- Kentrung-kentrung.
 Pembukane piatur kula.
 Kesenian tradisional sampun nyata.
 Peparinge nenek moyang kula.
 5 Nyritaake sejarah kuna.
 Sami mriksa sami midangetna.
 Kentrung saking Tulungagung.
 Paring asma Sedyo Rukun.
- Nyolat bisa, nyongket bisa, nyungging.
 10 Nyolat bisa, nyongket bisa, nyungging.
 Seralalalala.
 Wong wadone sholat sembahyang.
 Wong wadone sholat sembahyang.
 Sembahyang panglebur dosa.
 15 La yung la yung.
- Ngaturaken ing dalu puniki.
 Warga kentrung Sedyo Rukun.
 Tulungagung kabupatene.
 Hamemuji mugih rahayu.
 20 Anggen kula medar ing niki.
 Sumrambah ing paduka.
 Lan sedaya sedayanipun.
 Yen wonten lepat kawula tan kesupen.
 Nyuwun Pangasemi.
 25 Mugih Gusti amaringa.

(Janturan):

- Assalamualaikum.
 Kintun salam para priyagung.
 Sami sugeng sakrawhipun.
 Mriksani kentrung Sedyo Rukun.
- 5 Niat ingsun miwiti muji.
 Nebutake nawane sukma.
 Niki kentrung tradisional asli.
 Sedyo Rukun kang paring asma.



- Babatana rampasana.
- 10 Gawe dalan menyang suargo.
Nora babati puji lan dzikir.
Sing tak-babati alame pikir.
- Nora gampang kula miwiti dalang.
Ngudhal-ngudhal crita kang ilang.
- 15 Kang wajib ngucap kawula dalang.
Ahmad-Muhammad babare lelampahan.
- Ayo kanca menyang plancuran.
Kangge wudhu para ngulama.
Ayo kanca golek seduluran.
- 20 Pumpung urip nong alam donya.
- Niat ingsun jumajerake.
Negari Ngesem kula carita.
Dewi Fatimah sampun lumaujud randha.
Pinakaran lho marang sang putra.
- 25 Mayangsari kembang pucang.
Menyang sawah anandhur jagung.
Aja lali sholate sembahyang.
Manembah Allah kang Maha Agung.

II

BABAK PERTAMA

(Kandha):

- Paranggih pundhita ingkang kawula carita. Nju-
majeraken nagari Ngesam ingkang kawula carita.
(Inggih leres menika enten daerah dusun Ngesam meka-
ten). Kraton Ngesam kondhang kaloka saking mancanega-
5 ra. Nagari Ngesam kungkulan ngangkasa, sinangga ing
ta pratiwi, kinapit samudra. Kraton Ngesam panjang
punjung pasir wukir. (Apa ta sing diarani panjang
punjung ukir, ngono). Panjang dawa caritane, punjung
dhuwur katribawane, wukir pagunungan, pasir samudra.
10 Hananggih Ngesam ngungkurake pagunungan, ngiringake
parsabinan, ngedhepake bandaran agung. Kraton Ngesam
amba jajahane, kathah kawulane, gedhe obore, pandhang
jagateng, dhuwur kukusing, jeru tanceping, adoh
kuncarane, asri katribawane. (Apa ta sing diarani
15 asri katribawane, mangkana).
- Emanipun nadyan ta Ngesam kondhang kaloka saking
mancanegara, gelaraning lelampahan menika, Ngesam
nagari taksih komplang. Dereng wonten ingkang ngasta
panguasa madeg sang maha narendra. Rikala sumanten
20 ingkang ngasta panguasa jumeneng narendra wonten
Negari Ngesam jumenenging gusti kawula sang maha
prabu Imam Sujana. (Lha bener sang prabu Imam Sujana,
mangkono). Sang prabu Imam Sujana sakwentawis sampun
seda, mila nora mokal kalaning sakmenika Ngesam
25 taksih komplang, dereng wonten ingkang ngasta pangua-
sa. Sinten ta ingkang cumondhok wonten Ngesam, garwa
sang maha prabu Imam Sujana, Kusumaning ayu Dewi
Fatimah. (Kusumaning ayu Dewi Fatimah, mangkono).
Fatimah sakwentawis sampun jumeneng randha. (Ya).
30 Katinggal seda Prabu Imam Sujana. Kagungan patutan
putra kalih, kakung sadaya. Asma Raden Gandasari
mewah Raden Gandasupena. (Ya ner). Nadyan Fatimah
randha, luwih rupa kurang candra wanita sulistya
warna. Dedeg waringin sungsang, pangulatan segara
35 mbalik, mula nora mokal ayuning Fatimah kathah kakung
ingkang milik. Sang ayu Dewi Fatimah, rambut ngembang
bakung, bathuk nyela cendhani, alis nanggal sepisan,
idep manungging tawang, mripat mbawang sabungkul,
pipi nduren sajuwing, lambe nyigar jambe, waja ngelar
40 kombang, jangga ngulan-ngulan, pundhak nraju mas,
payudara nyengkir gadhing bangkekane nawon kemit.
Ayuning Fatimah ayu prasaja. Leh tapihan cara kutha,
cekak njero landhung njaba, jare tapih nantang peka-
ra. (Lha). Yen digawe mlaku semilak-semilak kentole

45 ketara. Kentole Dewi Fatimah yen sumilak lir kadya gedhang masuluhan. (Yen ya kentole tukang nerbang). Kaya tela bakaran. (Nha kenek kanggo sarapan. Ya. (Pas).

Byar pandhang bawa rahina. Fatimah arsa nimbali
50 putra Gandasari-Gandasupena. Alon sang ayu Fatimah ingkang kawula carita.

(Janturan):

Lho tak waspadakke sowan nono ngarsa.

Gandasari lho Gandasupena.

Kene ta nak caket ibu nira.

55 Bagus sira lho enggal bacuta.

Sore-sore mlaku nyang kutha.

Tuku tomat digawe lalapan.

Wis wajibbe urip no donya.

Kudu sambat tansah sinambatan.

60 nggale wong cinarita.

Dewi Fatimah kula carita mangke.

Putra am Gandasari Gandasupena.

Inggang ngadhhep wonten papan ngarsa.

Kayu jati kayu maoni.

65 Gawe meja tak-gawe kursi.

Tekan ngendi mesti tak-ugemi.

Kanggo mbela ibu pertiwi.

Dhuh ibu dalem sowan ngarsa.

Sungkem katur wonten paduka.

70 E e ta nak kene wis tak tampa.

Prayogana ngadhhep ana ngarsa.

Numpak prau kok malang-malang.

Numpak gethek sathange tugel.

Rabi ayu nek bengi ilang.

75 Rabi elek watuke kekel.

"Tak waspadaake kang padha ngadhhep ana ngarsaku kaya putaku Gandasari mewah Raden Gandasupena. Kene-kene ngger putraku bagus sakembaran, pandha caket Ibu Fatimah. O o Gandasari, apa padha winantu parembake
80 sowan nira ana ngarsaning ibumu aku Fatimah. Kebat enggal matura putraku bocah bagus."

"Ha inggih kanjeng Ibu. Kawula ingkang sowan ngaturake sungkem mug i kunjuk teng ngarsa penjenengan dalem, kanjeng Ibu."

- 85 Bagus Gandasari-Gandasupena, mahyu saketi lunglo jumar manto sowan bisa gawe lejaring panggalihing ibumu Fatimah. Ya, ya, ngger, jeneng sira sowan ngaturake bekti wis tak tampa. Nah lewat puja panges-tuning Ibu Fatimah tampanana Gandasari-Gandasupena."
- 90 "Inggih kanjeng ibu, kula tampi tangan kawula kalih. Mugi ndadosaken jimat kawula, mekaten kanjeng Ibu."
"Putraku bagus Gandasari-Gandasupena."
"Inggih."
- 95 "Adoh jeneng sira tak awe cedhak tak raketake, ora ta nak pirang-pirang dina iki tak sawang kok kacek karo padhatan sing kok sandhang, menyang apa ta? Tak waspadaake yen siang diladeni para abdi ora kersa dhahar, yen bengi ora bisa turu, sajak kok
100 nandhang sungkawa. Sing kok gagas apa nak, sira pikir apa oh putraku. Dadi bocah jaka ki mbok aja gampang susah pikiran ta ngger."
"Inggih kados ta pundi kanjeng Ibu?"
"Ngertenana ya nak."
105 "Inggih."
"Wong susah iku akhire ora doyan mangan nuwuhake menyang awak kuru, wong kuru dumadi lara. Wong lara nek ora mari menyang endi parane mesti bakal dadi sulame bumi. Oh putaku bocah bagus ilinga. Rusake
110 sandhangan pasar ana wong adol, nanging nek rusake raga munggah bandhosa. Aja nyingitake pangunek-unek ana jeroning kalbu tanpa sira prasaja. Endi Ibu ngerti apa kang dadi gegayuhaning putra, matura ya nak. Sing kok gagas apa, pikir apa. Mbokmenawa kan-
115 jeng ibu bisa madhangake jagad sira kang nandhang peteng putraku Gandasari-Gandasupena."
"Inggih kawula sampun dipun keparengaken matur kalian paduka, mekaten kanjeng ibu."
"Ayoh kene matura putraku bagus."
120 "Leres kados ta dhawuhipun kanjeng ibu, anggen kawula ngantos mikir kala wau nandhang sungkawa mboten karena leladi para abdi. Ananging kanjeng ibu, kawula badhene pados pangertian nggih menika mondhok wonten Dul Ngalim mekaten."
125 "O o putraku, sira bakal ngudi sastraning raga sastra tulis raga pribadi, bakal ngundhuhing pakarti manambah marang Gusti."
"Ha inggih."
"Bakal menyang pondhok sekolah ngaji."
130 "Inggih, kados ngaten kanjeng ibu."
"Putraku bagus nak, banget panarimaning kanjeng ibu iku kang dadi kekudanganing wong tuamu aku, ta yen sira bakal sekolah ngaji apa wis ngerti tetukone

- dadi wong santri ta Gandasari-Gandasupena."
- 135 "Dalem menika kurang mangertosi, mangga kanjeng ibu, kula aturi maringi pangertosan dhateng putra, mekaten kanjeng ibu."
"Ora gampang ya nak urip kang bakal ngudipanger-ti, pancen bakuning jiwa mudha kalebu kaya jeneng
- 140 sira, kudu bisa ngudi sastraning raga, njumbuhake kekudanganing ibu Fatimah, sliramu wis dimong Ibu dadi randha."
"Ingih."
"Siji sekolah tulis, loro sekolah manambah
- 145 marang Gusti. Sekolah ngaji nggrayang sangkan paraning dumadi, manungsa iku antri mati, kari tunggu pendaftaran dhisik sing endi. Sowan pangayunaning Gusti ora kena disangoni bandha lan donya. Apa sanguning panembahe sing suci lahir tumus kebatinaning
- 150 ketrima panembahe, Insyah Allah bakal surga mbesuk ana akherat."
"O mekaten kanjeng ibu."
"Iya nak."
"Inggih kawula setia tuhu badhe kawula lampahi
- 155 mekaten kanjeng ibu."
"Kaping pindhone putraku, kudu eling lan waspada. Isi jiwa manungsa iku yen ora eling ora waspada sok adakane dadi pasudunganing iblis setan jajil sipat angkara. Apa kangge ngusir iblis setan jajil
- 160 sipat angkara kang semudhung ana wadag menyang agama ya nak ya."
"O inggih kanjeng ibu, inggih, inggih."
"Sepisan meneh sira bakal milik panembah Gusti metu tuntunan kitab Hadist Qur'an kitab kang suci.
- 165 Iku ora kenek disangoni bandha lan donya. Disangonana bandha lan donya yen ora manteb anggoning ibadah, sekira iku ora bakal ketrima. Sanguning tekad niat madhep mantheb, sangune cengkir waton kenceng rasaning pikir, suci lair lan kebatinaning sekira bakal
- 170 kasembadan apa kang dadi gegayuhane putraku."
"Inggih sedaya masalah piwulangipun kanjeng ibu, dalem setia tuhu badhe kawula lampahi kanjeng ibu."
"Sekolah tulis ngudi ngelmu, wong golek ngelmu ki angele nek wis temu kabeh ngelmu kudu dituku mawa
- 175 lelaku."
"Lelakunipun kados ta pundi kanjeng ibu?"
"Sliramu tak sekolahake ngerti karo sekolahmu. Nanging ning lakumu gaene ming mbolos wae ra tau mlebu ra tau sinau, cukup weruh thok karo sekolahe,
- 180 ora bakal nyekel ngelmune. Mula ngudi ngelmu angele nek wis temu kudu dituku mawa lelaku. Yen sira mondhok sregep olehmu ngaji ngajenana rama kyai, setia

- tuhu manambah gusti metu tuntunan suci. Sekolah tulis sregep olehmu sinau, sregep olehmu mlebu ya nak,
- 185 elingo, ditinggali bandha donya karo wong tua, bandhaki bolot ibarate. Nek ora langgeng manggoning wadag manungsa bisa entek, bisa lunga. Nanging ditinggali kepinteran karo wong tua waton, becik apik lek nindakake. Ngrumangsanana sekira kepinteran ki
- 190 enteke bareng pecating nyawa."
 "O, mekaten kanjeng ibu."
 "Contone ngene iki, ditinggali kepinteran ngen-trung ngono wae wis waton tenan-tenan madhep mantep leh nyangi ya ra sampek nggoling kendhile kaya ngene
- 195 ki Gandasari-Gandasupena."
 "O, inggih leres kanjeng ibu, inggih, inggih."
 "Jiwa muda, sing ati-ati, eling lan waspada. Dadi bocah jaka aja dhemen dolanan lading. Jaka dolanan lading adhakene kebacok lading. Pakulinaning
- 200 dolanan ula, mesti dicokot ula. Dicokot ula waton jaka kuwi sedia ora apa-apa. Dicokot ula urung sedia gelem ora gelem sampi ora peke dadi susahing wong tua. Ora kana nak, ora kene, ora biyen, ora saiki, ndi anak polah, wong tua mesti kepradhah. Mula ya
- 205 ngger, aja kesusu rabi nek urung mandhiri, aja mundhut garwa nek urung sedia, bocah lanang sebab calone nanggung jawab keluarga. Aja gawe susahing wong tua ya ngger ya."
 "Inggih kanjeng ibu, inggih."
 "Gandasari-Gandasupena."
 "Dalem kanjeng ibu."
 "Banjur pondhok endi sing bakal kok ayahi ta nak."
 "Dados dalam menika sampun dipun keparengaken
- 215 matur kalian paduka kanjeng ibu."
 "Iya, ngger."
 "Inggih badhe kawula pondhoki menika inggih menika wonten pondhok Mbulgi, wontenipun rama Kyai Dul Ngalim mekaten kanjeng ibu."
 "Bakal menyang pondhok Mbulgi suwita rama kyai Dul Ngalim?"
- 220 "Inggih kanjeng ibu."
 "Putraku, Ngesam kene pondhok ra kurang jembar. Nadyan ta pinter mendho mbok ana negara Ngesam kene
- 225 wae, Ibu wis dadi randha lho ngger. Putraku meng sira karo kadhimu, njur yen to menyang pondok wae adoh sing kok seja, gek Ibu Fatimah ana Ngesam kene re-wange sapa ta Gandasari-Gandasupena?"
 "Oh, kanjeng ibu, sampun klenta-klentu panampi.
- 230 Yen ta putra menika mboten mondhok wonten daerah saking mriki, sekinten kirang dadosaken pengalaman

- ingkang putra kanjeng ibu."
- 235 "Ya, ya, ta nak. Mapan oncat sira lunga mblayang, tenan ngudi kepinteran, ibu nglilani. nanging mitungkasing ibu, aja suwe-suwe. Yen wis katam anggen sira ngibadah, gek enggal bali menyang Ngesam kena ya nak ya."
- "Dados dalem menika sampun dipun keparengaken kanjeng ibu."
- 240 "Kaya ngono iya Gandasari-Gandasupena."
"sak sampunipun ibu sampun ngeparengaken kawula badhe mitungkas kalian kanjeng ibu."
"Bakal mitungkas apa putraku."
"sepindhah, kanjeng ibu yen ta sampun putra
- 245 dipun keparengaken mondhok wonten Mbulgi ampun ngantos mundhut garwa malih mekaten ta kanjeng ibu."
"O o putraku, sira menyang pondhok mitungkas ibu Fatimah ana Ngesam ora keneng mundhut garwa meneh."
"Inggih, yen ta ibu mundhut garwa mangke putra
- 250 kondur malah ndadosaken mengsahe kang putra, mekaten kanjeng ibu."
"Biyungalah ngger, ngger, gelem mundhut garwa lak ya biyen-biyenne. Akeh raja ratu adipati sing nglamar ibumu Fatimah. Aku wis ora kayuyun karo pria
- 255 maneh. Gek koro apa ta sing tak onceki, gek lara apa sing tak goleki, lha kok aku bakal mundhut garwa. Ora, aku wis rumangsa marem trima, dadi randha ndarbening putra sliramu karo kangmasmu kuwi kok Gandasari-Gandasupena."
- 260 "Inggih, inggih sembahnuwun kanjeng ibu. Kajawi saking menika, perlu ingkang kawula aturaken kalian penjenengan kanjeng ibu."
"Apa maneh putraku?"
"Nomer kalih nggih menika peksi cucak ijo manca-
- 265 warna menika sampun dipun sade nggih kanjeng ibu."
"O o putraku Gandasari-Gandasupena, remuhun sudarmamu prabu Imam Sujana ninggal ingon-ingon manuk cucak ijo mancawarna. Ramamu seda, kok pasrahake jeneng sira, iki kok tinggal menyang pondok, kok pasrahake ibu Fatimah. Iki ora kena kenek didol, iki
- 270 ora kenek dibeleh. Biyung nak ora ya ngger ora, gunaning apa aku adol manuk cucak ijo mancawarna, perluning apa aku mbeleh manuk cucak ijo mancawarna. Ngesam, nadyan ibu dadi randha, ora kurang bandha ora
- 275 kurang donya. Uga ibu ngerti nek manuk cucak ijo mancawarna kuwi kagunganmu tinggalaning wong tuamu kakung. Sira lunga menyang pondhok, tak rumat sing becik, tak openi sing apik, mbesuk sliramu bali sangka pondhok aja gawe kuciwaning rasaning atimu
- 280 Gandasari-Gandasupena."

"Inggih, matur sembah nuwun, manapa ingkang dipun aturaken kanjeng ibu kawula setia tuhu badhe kawula lampahi."

285 "Apa ya dina saiki anggon sira bakal bebudhalan."

"Inggih, dalem menapa sampun dipun keparengaken bidhal kanjeng ibu."

"Ya ta nak, ayoh menyang pondhok ora tulak bali dina mesti sak katame."

290 "Nanging kanjeng ibu, kawula perlu matur malih, nggih menika yen ta ngeparengaken putra mondhok kala wau sampun pegat keprayitnan anggenipun nyenyuwunaken dhateng Gusti kang Maha Kawasa, mekaten kanjeng ibu."

295 "Putraku ya nak, ibu setia tuhu bakal maneges marang panguasaning Allah, tumindak sira menyang pondhok kali isa ingrubeda muga kasembadan apa kang sira seja puja pangestuning ibu, kang ngayomi jeneng sira putraku."

300 "Inggih sembah nuwun kanjeng ibu. Yen mekaten kawula badhe bidhal kanjeng ibu."

(Janturan):

Kacarita Fatimah ingkang nama.

Arsa dhateng pondhok Mbulgi putra sekalian.

Ayo ta ngger tata-tata jarik busana.

Gandasari lho mewah Gandasupena.

305 Tuku karet ya mas ya dhuwite ilang.

Tak baleni ya mas ya dhuwite keru.

Yen kepepet ya mas ya aja sumelang.

Disedhiani lak transmigrasi.

Ayo dhimas aku dherekna.

310 Daya-daya dhateng pondhok Mbulgi nyata.

Oncat saking Ngesam iki negara.

Gandasari lho mewah Gandasupena.

Etan kali ya mas ya lha kulon kali.

Yen arep nyabrang ya mas ya gak onok uwote.

315 Etan gati ya mas ya lha kulon gati.

Tak timbang-timbang padha abote.

III

BABAK KEDUA

(Janturan):

Ganti malih kula carita.
Sinten ingkang oncat saking Batak Muntiara.
Saudagar asma Jaya Makuda.
Bakal dhateng lho Ngesam Negara.

5 Awang-awang ya mas ya kang mega mendhung.
Tremgiling mono ya mas ya ombo sisike.
Dikon nyawang ya mas ya gak dikon nundhung.
Eling-eling kabecikane.

Saudagar krungu kabar krungu warta.
10 Yen Ngesam wonten wanita sulistya warna. (Yoh)
Dewi Fatimah lho kang paring asma.
Alon saudagar kawula carita.

Mendhung peteng ya mas ya kapan udane.
Sumur-sumur ya mas ya ketibanono.
15 Tembung mateng ya mas ya kapan sidane.
Dulur-dulur tak kandhanane.

(Kandha):

Tan kocapo. (Lha iya). Gandasari mewah Gandasupena dhateng pondhok Mbulgi. Tata-tata busana lan kitab Hadist Al Qur'an kitab kang suci. Apa perabote
20 dateng pondhok kangge lunga ngaji. Oncat saking Ngesam gempalaning cinarita tunggal kandha, seje kakocapake. Sinten ta ingkang kula carita, sedagar saking pulo Mekasar, saking Mbatak Muntiara. (Ya). Asmaning Jaya Makuda. Makuda Jaya alias Isman. Nreng-
25 guluk dagangane, oncat saking pulo Mekasar badhe dhateng Ngesam tujuane. Alon sedagar Jaya Makuda tumindak ira prapta marga cinatur. (Apa ta sing diarani marga cinatur?). Marga dalan. (Ya). Cinatur prapatan. (Hm). Alon sedagar Jaya Makuda ngudarasa.
30 Sedagar kula carita.

"Adoh aku saka Mbatak Muntiara. Sing kuduning aku menyang negara Ngesam. Kabare sing tak tampa negara Ngesam komplang. Rikala semana kang jumeneng narendra prabu Imam Sujana saiki seda. Sing ana
35 Ngesam garwane asmane Dewi Fatimah. Kabar sing tak tampa Fatimah ki kathik randha ra nduwe bojo, kondhang kaloka wanita sulistya warna. Heh nek Fatimah aku ora patek nyepirakne. Banget sing dadi kaguming

atiku, Fatimah iku kagungan ingon-ingon manuk cucak
 40 ijo mancawarna. Miturut warta sing tak tampa, jare
 manuk cucak ijo mancawarna iku dumunungan wahyuning
 narendra. Sok sapa sing isa dhahar iwake manuk cucak
 ijo mancawarna jangga kelawan sirah bisa dadi ratu,
 dhadha sak mengisor bisa dadi patih kelawan praju-
 45 rite. Mula iki daganganku tak gawa kabeh. Inten
 berlian, busana kang apik-apik, ora ana sing keting-
 galan. Tujuanku bakal sowan ana ngarsaning Dewi
 Fatimah. Yen aku wis ngadhepi Dewi Fatimah aku ethok-
 ethok tawa dagangan. Nek entuk manuk cucak ijo manca-
 50 warna tak tuku. Ora entuk tak tuku, tak ijoli dagang-
 aku. Watak wanita arep ayu kaya apa, aku wis apal
 karo watake wong wedok. Nabine ki mek dhuik, bandha
 donya, sandhangan apik, inten barlean, mas-masan.
 Angger eruh mas-masanku, barleanku, inten, sandhang-
 55 an, mbokmenawa manuk cucak ijo mancawarna mesti kena
 aku. Kasembadan manuk ijo mancawarna kena aku kuwi
 tak beleh. Iwake tak dhahar, aku isa entuk wahyuning
 ratu. Ngesam sing dadi ratu aku, Fatimah dadi bojoku.
 Heh kaya ngapa ya rasane urip dadi ratu, kathik
 60 bojone ayu. (Lha yo mendhah nek marem). Mendah gene
 nek marem. (Lha ya). Ora lewat aku bakal ana ngarsane
 Dewi Fatimah. Jane Ngesam ki ka kene ngetan apa
 ngulon, ngalor apa ngidul ta? (Kurang luwihe kira-
 kira ngidul ngulon kana mangkana). Ngidul ngulon?
 65 (Ya). Sandhing bong cina kana kira-kira. (Ya). yoh,
 tak enggalake anggonku lumaksana. Daya-daya enggal
 prapta ana ngarsaning Dewi Fatimah."

IV

BABAK KETIGA

(Kandha):

Tan kocapa. (Yah). Sedagar Jaya Makuda arsa dhateng, arsaning Dewi Fatimah. Supaya enggal prapta dalem gapit mandragini. Nrengguluk bangkelane sedaya mboten wonten ingkang ketinggalan. Sang ayu Dewi
5 Fatimah.

(Janturan):

Ayo asya lho sadagar ika.
Ninggalake prapatan lho nyata.
Bakal sowan Fatimah sing dadi randha.
Kageting Dewi Fatimah kula carita.

10 Gunung kulon ya mas ya kabare pundi.
Ketrowongan ya mas ya udan gerimis.
Ya mung guyon ya mas ya ja ditenani.
Geloyongan sinambi nangis.

Kagete sang ayu Dewi Fatimah.

15 Kasowan sedagar Jaya Makuda.
O o paman kene sira majua.
Saka ngendi ta paman asalmu sapa.

Golek kaya ya mas ya gak nggawa arit.
Dicekleki ya mas ya ana tangan lara.

20 Pethuk wong ayu ya mas ya ora nggawa dhuwit.
Yen dipleroko ding atine lara.

(Kandha):

Manjing dalem gupit mandragini Sedagar Jaya Makuda. Ngadhep sang ayu Dewi Fatimah. Kageting Dewi Fatimah, Kageting Dewi Fatimah kesowan sedagar Jaya
25 Makuda. Alon Fatimah nuli ngendika:

"Durung antara suwe anggonku lelunguhan para abdi. Iki kok ana pawongan kakung tak waspadhaake kaya dudu pawongan Ngesam kene. O o paman mara coba caketa mrene paman."

30 "Inggih, dalem menika sampun dikarepaken sowan, makaten gusti ayu".

"Iya ya, paman padha winantu parembake sowan nira."

"Inggih dalem ngaturaken sungkem mugni kunjuk
35 teng ngarsa panjenengan dalem gusti ayu."

"Paman, banget panarimaku, sira ngaturake bekti wis tak tampa. Puja pangestu tampanana paman."

"Inggih kawula tampi tangan kawula kalih, mug ndadosake jimat manah kawula mekaten gusti ayu."

40 "Sajak dudu pawongan Ngesam kene, saka ngendi pinangkamu, sapa sing dadi asmamu paman?"

"Dados panjenengan menika ndangu dhateng kawula, mekaten gusti ayu?"

"Iya paman."

45 "Inggih matur suwun. Kawula kala wau saking Mbatak Muntiaro, deneng asma kawula gusti ayu, Jaya Makuda alias Isman, mekaten."

"Saka Mbatak Mutiara."

"Inggih."

50 "Asmamu Jaya Makuda alias Isman."

"Inggih leres gusti ayu."

"Lha kok sing trengguluk kuwi apa ta paman?"

"Niki dagangan gusti ayu."

"O, sliramu kuwi sedagar ta?"

55 "Inggih."

"O o paman sedagar, adoh Mbatak Muntioro karayara prapta negara Ngesam, wigati sira apa paman."

"Dados kawula sampun dikeparengaken matur gusti ayu."

60 "Iya, matura."

"Inggih. Sepindhah kula kala wau mireng pawarta kabar saking tanggi kawula yen ta teng daerah Ngesam menika wonten putri ingkang ayu nggih menika asmanipun Dewi Fatimah, napa leres menika dalemipun Siti

65 Fatimah, gusti?"

"O o paman sedagar, ora kleru, ya iki papan padununganing gustimu Fatimah."

"Dados penjenengan menika ingkang paringan asma Fatimah mekaten?"

70 "Ya, aku iki sing asmaning Dewi Fatimah, paman."

"Pancen ya ayu tenan yen ngoten."

"Lho, sliramu kok saya sembrana. Njur, wigati sira apa sing maton paman sedagar."

75 "Pancene panci nggih ayu lho gusti kados ta pundi. Dados ples anggenipun maringi kabar dateng tanggi kawula, nanging yen pun kula nyataaken nyatane penjenengan ayu gusti."

"Paman sedagar."

"Dalem gusti ayu."

80 "Aja banget-banget lehmumu ngalembana marang gustimu aku paman. Banjur sing wigati apa sliramu sowan."

"Kajawi saking menika gusti ayu, kawula sowan mriki badhene tawi dagangan, mekaten gusti ayu."

- 85 "O o bakal tawa dagangan."
 "Inggih."
 "Paman sedagar, daganganmu apa wae?"
 "O dagangan kawula kathah. Wonten emas, berlian,
 busana ingkang sae-sae, menika yen ta sing ngagem
 90 panjenangan langkung ayu mekaten gusti ayu."
 "Paman sedagar."
 "Inggih kados ta pundi."
 "Ya arepe matur sing kaya ngapa wong nyataning
 aku durung pirsane, mbok mara coba dibukak jajal tak
 95 priksanane ya paman."
 "Dados menika dipun bikak."
 "Iya, aku milik mriksani. Mbokmenawa mangko aku
 ana sing seneng, lha ya aku bakal tuku paman."
 "Lha nika sing mbukak kula napa penjenengan,
 100 gusti ayu."
 "Eh kok saya kleyitan, lha wong iki daganganmu,
 sing bukak yo sliramu, nyangapa kok kurangajar lho
 sliramu kuwi."
 "O mekaten nggih, yen ngaten kula bikakipun.
 105 Lha!"
 "Jajal kaya ngapa paman."
 "Lha kados mekaten menika lho gusti ayu."
 "Wah, lha kok apik-apik banget ya paman."
 "Inggih, sae-sae."
 110 "Paman sedagar."
 "Dalem, gusti ayu."
 "Aja kurang pangapura."
 "Kados pundi?"
 "Mbok manawa daganganmu kabeh kuwi aku wis
 115 kagungan, aku ora tuku, kok paman."
 "Ah, mbok nggih dipun tumbasi lho gusti."
 "Ora."
 "Kok mboten mesakaken, pun kadhung kula bukak
 kados ngaten niki mboten dipun tumbasi."
 120 "Sliramu ki jebul kok nglenyit ta paman."
 "Lha kados pundi, mangga dipun tumbasi ta
 gusti."
 "Wis ora aku ora tuku kok paman. Wis tutupan
 maneh paman."
 125 "O, dados penjenengan mboten tumbas."
 "Ora."
 "Inggih yen ngaten kula tutup."
 "Wis kana gek ngalih, aku ora tuku kok."
 "Nuwun sewu lho gusti ayu."
 130 "Apa?"
 "Sak suwenipun kawula sowan saking mriki kala
 wau kok dereng dipun panggihi kalian gusti kakung,
 menika tindak pundi gusti ayu?"

- 135 "Takon gustimu kakung mono wis seda lho paman."
 "E lho sampun seda?"
 "Iya."
 "Yen ngaten penjenengan randha gusti ayu."
 "Lha pancen ditinggal mati bojone kok randha ki
 terus apa ta."
- 140 "Nha yen mekaten gusti ayu, pas."
 "Pas piye."
 "Panjenengan randha, kula dhudha, he nggih
 mboten jujul."
 "Sliramu aja kaya ngono lho paman. Randha,
 145 randhamumu dhewe. Aku dudha, dhudhaku dhewe. Kok yah
 mene arep ngepasake, kowe anggit iki jaga pas-pasan
 ngono apa kepriye!"
 "Lho, niki yen ta daerahe nggen kula mekaten
 panci leres yen ta randha kalian dhudha niku pas
 150 mboten jujul, gusti ayu."
 "O, dadi cara daerah nggenamu ki nek randha karo
 dhudha ora jujul, pas."
 "Mboten, ples niku ngaten."
 "Ning aku gak ngepasake kok paman."
- 155 "Heh, ngeten mawon kok gusti, mbok nggih pun
 dipasaken."
 "Ora, aku ora ngepasake. Karondene lho iki wong
 tawa dagangan ora dituku. Omong kok nggremet-
 nggremet, sawangane meneng, nek ngendika lambene
 160 mingkem, nek dirasakne jebul kok nyenepne weteng
 manungsa iki."
 "Pun, mekaten kemawon kok gusti. Gusti."
 "Apa !"
 "Yen ta penjenengan mboten purun numbasi masalah
 165 dagangan kula, kula kok sumerep peksi menika sae,
 menika namine peksi menapa gusti ayu ?"
 "Wis, ana maneh."
 "Inggih."
- 170 "Iku diarani manuk cucak ijo mancawarna, paman."
 "O, kok sae nggih."
 "Apik, sliramu ora duwe ta manuk kaya manukku
 kae."
 "Yen ta teng daerahe kula kok mboten wonten
 nggih peksi kados mekaten."
- 175 "Wah, wong manuk ngono kae sing duwe mik aku
 kok, awakmu duwe manuk paling ya ra kaya manuk cucak
 ijo kae kok paman."
 "Inggih. Niku upami lho gusti ayu."
 "Apa ?"
- 180 "Peksi menika menawi kula tumbas menapa
 dipun keparengaken nggih ?"

- "Kok saya sembrana, aku ora butuh adol manuk. Ora, manuk cucak ijo mancawarna ki dudu dagangan. Ora tak dol paman, aja paman sedagar."
- 185 "Inggih sampun yen ta boten dipun keparengaken kula tumbas. Niku umpami kula ijoli dagangane kula sedaya niki ?"
- "Aku ora butuh dagangan kabeh kuwi, aku wis kagungan kok paman."
- 190 "Lha kados ta pundi ta gusti."
"Wis, saiki mengkene wae Mah."
"Lho, kok saya sembrana. Yahene kok Mah, Mah, rumangsamu!"
- "Sejatine ngono, aku tawa dagangan mono amung tak gawe samundana."
- 195 "Ha ! Digawe samundana kepriye ?"
"O, sejatine no aku garis besare yen nglamar karo sliramu ngono."
"Lho, kok enek garis besare barang."
- 200 "Ya."
"Nglamar karo aku ?"
"Iya."
"Biyuh, biyuh paman, paman sedagar. Apa sliramu budhal saka Mbatak Muntiarara meng gak ngilo dhisik.
- 205 Senajan Fatimah ngono randha ra wedok ethok-ethok pinungguling bocah wedok."
"Hm."
"Akeh raja, ratu, adipati, sing nglamar aku ora sudi. Lha kok trima pangkatmu sedagar, arep mundhut garwa aku. Biyuh ora sudi, uyah utuh kayune damen, bocahe ra butuh nganggur ya ben, minggata aja neng kene !"
- 210 "Fatimah, paribasamu yen ta kowe ki gelem seneng karo aku mesti penak."
"Penak apa."
- 215 "Timbang sak plong luwung sak ece, timbangane sampean digawa uwong luwung tak ehm ehm dhewe ngono piye kira-kira."
"Rumasamu yah ene kok arep nge-ehmi uwong karep-
- 220 mu apa."
"Lha iya timbangane digawe rana-rana ya tak ehm ehm dhewe wae."
"Wis ora sudi paman."
"Ora sudi ?"
- 225 "Aja klimpang-klimpeng ana kene. Karondene wong tawa dagangan ora dituku kok nggremet-nggremet. Paman sedagar."
"Ha nggih piye ?"
"Aku iki ora sudik. Jajal kok saya nyedhak saya
- 230 nyedhak. Jenenge ora dituku kok ngendikana saya ora

- kepenak. Ming pangkatmu sedagar kok ngayunake Fatimah, biyuh tak gawe apa. Aku emoh kok paman."
 "Tak paribasakake mangkene lho Mah."
 "Apa."
 235 "Lha aku ki cekleka kayu kopi."
 "Terus."
 "Senajan tuwek aku nresnani, ngono lho."
 "Rempeyek enek kacangge."
 "Ha."
 240 "Iwak bandeng digoreng lenga. Rabi tuwek enak kayane, mlaku bareng ora mentala paman."
 "Lha yo dimentalak-mentalakake ngono wae kok."
 "Wis ngaliha paman. Aja ana kene paman."
 "Dadi aku kudu ngalih."
 245 "Paman sedagar."
 "Ya."
 "Diomongi tawa dagangan ora dituku saya nggremet-nggremet ora sudi aku nyawang sliramu, aku suthik nyawang sliramu. Ora ngalih saka kene tak cukil
 250 tipakmu."
 "Ya ya."
 "Tak sirati kocare, minggat saka kene !"
 "Oh Fatimah. Yoh yen ta masalah kowe ora gelem tetep nglayani karo aku tak paribasakake tela metu
 255 tlutuhe nduk Fatimah."
 "Apa."
 "Yen ora sida padhata iyoh aku tak ngalih mangkono."
 "Biyuh rumangsamu. Karondene aku ora sudi,
 260 nyawang aku mburuhke. Wong kaya ngono kok dadak ngayunke Fatimah. Biyuh nek gelem aku, lak enak sliramu. Ayo minggat saka kene paman sedagar !"
 "Iyoh yen ngono tak minggat sangka kene."
- (Janturan):
 Lho sedagar Jaya Makuda.
 265 lara atine kaclathu Fatimah mangke.
 Kepatine njilma Mah kowe dadak ngina.
 Prambudhele dina mburi titenana.
- Iwur-iwur iwak segara.
 Iwak nener dipangan ula.
 270 Ana pelambang kok sak bendinane.
 Wong ngati-ngati momong ragane.
- Kabangeten Fatimah loh jeneng sira.
 Elek aku lanang jebul aku kok ina.
 Ora lega aku tetep ora lila.
 275 Yen ora bisa ngenengke Fatimah sing randha.

Awan-awan nyangking kuranjang.
 Bapak tani ya mas ya nyonggong tangane.
 Sukare lawan maju berjuang.
 Bapak tani kang nyonggong pangane.

(Kandha):

- 280 Sedagar Jaya Makuda geter panggalihe kaclathu Fatimah. Entek amek ora golek. Kageting sedagar Jaya Makuda. Ngudarasa alon kanti nuli ngendika.
- "Oh Fatimah iya, aku yen diclathu wong wadon sing ayu kena tak gawe jamu."
- 285 "Lha kuwi lho wong ki lek setel ndablek kaya ngono kuwi."
 "Nanging Fatimah apa durung mengarteni yen ta Jaya Makuda kuwi wis wong kondhang kajalandara."
- 290 "Heh, sedagar kondhang kajalandara ?"
 "Iyo. Wong Jaya Makuda kuwi nduwe guna pengasih-an."
 "Weh sedagar ndarbeni guna pengasih-an."
 "Iyo jaran goyang."
- 295 "Heh."
 "Sapa wae kena jaran goyangku oh kelakon nggoyang-nggoyang kaya tukang ngendhang."
 "Beh sajake."
 "Kuwi sing katiasane masalah jaran goyang."
- 300 "Weh nek ngono sugih ngelmu tukang terbang."
 "Durung sing diarani wedhus kendhit putih."
 "Apa iki kok wedhus kendhit putih."
 "Sapa wae yen ta kenek ajiku masalah kendhit putih woh kelakon ora iso mulih yen ta Jaya Makuda
 305 sing urung ngakon mulih."

V

BABAK KEEMPAT

(Kandha):

Tan kocapo. Sedagar Jaya Makuda nora nrimakake kaina Dewi Fatimah. Mbudidaya kepriye kang pamrihe Fatimah bakal bisa kepranah sedagar Jaya Makuda. Bener apa kang ngendikake sedagar Jaya Makuda sampun 5 kagungan guna pengasihane. Sedaya sekathahing guna pengasihane katamakaking Dewi Fatimah. Fatimah kena pengasihane sedagar Jaya Makuda, lali mitungkase marang putrane. Wonten dalame gupit mandragini gawe marang embane cinandra saking mandra lir mbayuwen 10 tumindake.

(Janturan):

Jantung joli
 Man paman paman.
 Wong wedhang kepangkalan kali.
 Putung wote ing.
 15 Putung wote he ing.
 Kudu wedi.
 Tak sengguh putung atine.
 Dari mana walang.

 Walang kekek menclok neng tembok.
 20 Mabur maneh menclok nyang pari.
 Aja ngenyek ya mas karo wong wedok.
 Yen ditinggal setengah mati.

 Ayo walang abang menclok na kara.
 Walang ijo menclok na klapa.
 25 Nek sing bujang ya mas ora kluyuran.
 Sing nduwe bojo sik golek liya.

 E oe ye, ao e yo.
 E oe ye yae yae yo eya eyo.
 Yae yae yo eya eyo.
 30 Yae yae yo eya eyo.
 Yae yo eya eyo.

 Ayo walang kekek walange kayu.
 Walang kayu ya mas ya dawa suthange.
 Yen dipandeng ya mas katon mbrengengeng.
 35 Golek-golek ana ngendi omahe.

Kenal bae durung.
 Kok wis wani jowal-jawil.
 Mangko yen kedlarung.
 Tak kira mau wong akeh.

40 Mangko to dhik dhisik.
 Tak kira mau kancaku.
 Mumpung ora gisik sithik.
 Ayune mung sliramu.

 Apa iyo lho mas.
 45 Tenan kok dhik.
 Aja ngono.
 Lha kepriye.
 Ah ngeyek.
 Ora ngenyek, coba takon dulur kabeh ara tau ngenyekan
 50 aku.
 Ya ngono kuwi.
 Aduh apa iya gek ngko amung samudana. Simbah nate
 crita.
 Jok percaya marang pria.

55 Aja digebyah uyah.
 Nadyan aku kurang gagah.
 Ayo-ayo kudu.
 Pengen kenal kari kowe.
 Apa iya.

60 Tenan kok Dhik.
 Aja ngono.
 Kepriye.
 Ah ngenyek.
 Lah gampang ngenyekan. Ora ngenyek beras larang.

65 Tenane.
 Ya ngono kuwi.

 Aja cedhak-cedhak.
 Mengko didukani bapak.
 Pancen sira ngajak.
 70 Apa benar dedalan kang mulya.

 Ayo tak dhereke.
 Nyandi wae sak kersamu.
 Janji karo kowe.
 Aku pengen sliramu.

(Kandha):

75 "Biyung emban."
 "Inggih kados ta pundi gusti."

- "Beh ki jan tenan nok embanku ki pama wedok tenan no nugelne balok kira-kira,"
- "Lha ya."
- 80 "Coba, coba majua mrene biyung."
- "Inggih mangga gusti ayu, kula aturi ndangu dhateng kawula gusti."
- "Lha ya ta mban, giniya rasaning atiku saiki aku kok malih kaya mengkene."
- 85 "Mengkene kados ta pundi gusti ayu."
- "Sekawit aku kagungan tamu pawongan saka pulo Makasar."
- "Inggih."
- "Sing asmane sedagar Jaya Makuda. Semana emban, 90 bakal mundhut garwa aku, giniya aku kok nora kersa. Nanging emban, saungukure sedagar Jaya Makuda aku rumangsa bingung atiku."
- "Mulangaken ta gusti ayu, sampun ngantos sok ngenyekan marang sesama, nggih nganten niku."
- 95 "Nanging giniya ta emban wong rumangsaku biyen kuwi elek kathik banget."
- "Terus sak menika kados pundi ta gusti ayu."
- "Rumangsaku jagad iki ora ana wong bagus kajaba sedagar Jaya Makuda."
- 100 "O menawi sekinten rumiyin menika kirang teliti penjenengan."
- "Lha kok dadak mawa ditliti, nanging emban."
- "Inggih, yen ta mandhang sesama niku sampun kok dugi saking ngandap. Saking nginggil ngantos dugi 105 ngandhap mekaten. Lha sak menika sak menika getun."
- "Ya wis ora teken semono, Wong biyen aku getting. Nanging upamane kangmas sedagar rawuh mrene saiki aku dipundhut garwa aku ya gelem kok biyung."
- "O mekaten dados yen ta kakang sedagar sowan 110 mrene, panjenengan dipundhut garwa purun la nyumanggaaken, mangga."
- "Nanging ngene ki priyayine nyang ngendi ya, mban."
- "Dalem kirang mangertosi gusti ayu."
- 115 "Biyung emban."
- "Dalem."
- "Rumangsaku wong ki nek bagus, saobah polahe kok Panggah ngganteng ya, mban."
- "Lha inggih, yen ta piantun niku yen ta bagus ja 120 maneh kok macak, kudungan karung nggih sae, ngaten."
- "We ki nek kandha kok kudhungan karung menyang apa."
- "Inggih."
- "Lho lha kae lho yung priyayine rawuh mrene."
- 125 "Pundhi ta gusti ayu."

- "Mangga, mangga kangmas kula dherekaken pinarak kangmas."
- "Iki kok ana suara kok kaya wanita. Iki wanita saka ngendi ya."
- 130 "Lho penjenengan saestu. Mangga, mangga kula dherekaken pinarak kangmas sedagar."
- "Lho kowe ki sapa ta wanita."
- "Lha penjengan ngoten men kok lali. Kula lak nggih Dewi Fatimah siyen nika ta kakangmas."
- 135 "Sinten."
- "Dewi Fatimah."
- "Dewi Fatimah?"
- "Eling mboten. Panjenengan kala rumiyin lak dhateng panggenan kula tawi dagangan."
- 140 "Lho!"
- "Kangmas sedagar."
- "Lho dadi bener yen sliramu kuwi ki Dewi Fatimah?"
- "Inggih."
- 145 "Terus karepmu."
- "Inkang kagungan manuk Cucak Ijo Mancawarna siyen nika lho kangmas,"
- "Woo, iya, iya, iya, he eh aku eling."
- "Pun kelingan ta?"
- 150 "Iya wis eling."
- "Kangmas sedagar."
- "Apa wanita."
- "Kala rumiyin penjenengan rawuh dhateng panggenan kawula, penjengan lak badhe mundhut garwa kula."
- 155 "Iya, yen ta mbiyen aku pancen pengin mundhut garwa, trus saiki karepe?"
- "Nanging kala rumiyin kawula mboten kersa, sak niki kula mpun purun. Mpun sak niki luka penjengan pek bojo nggih kangmas."
- 160 "Ah gah. Yen ta mbiyen aku mbutuhne bojo Mah. Nek saiki wis dadi randha seger kaya ngene ki aku wis wegah."
- "Lho sing randha niku."
- "Aku dhudha ngene-e wis wegah saiki gah."
- 165 "Kangmas sedagar, penjengan napa mboten mesakke ta kula goleki."
- "Nggak! Wis penake ora kaya wong dadi dhudha. Nyekel terbang ngene wis karo sedulur akeh."
- "Panjengan sawang ta kula kandhung kados ngeten kok penjenengan ora kersa."
- 170 "Emoh, aku wis ora nggunakne masalah bojo."
- "Panjenengan niku pripun ta kangmas. Napa taksih ndredhek ta divedhaki wanita."

- "Sampeyan aja cedhak-cedhak aku. Wong wadon kok
175 kaya ngono, ngeyel wae, ora seneng aku. Wis ora
nggunakne bojo."
- "Wis ta kangmas. Panjenengan ora seneng, aku
seneng. Timbang engko didelok wong akeh. Lek panje-
negan tak gandrung apa ora isi."
- 180 "Yen gandrung ya gandrunga, aku ora gandrung
mengkono."
"Weh sajake leh ngedol larang. Kangmas sedagar."
"Apa wanita."
"Mbok nggih penjenengan mesakke kula. Delengen
185 ta leh aku nggoleki, Ngesam tekane kene."
"Ajire lho wong wadon kok isok ngueyel kaya
ngono kuwi lho."
"Wong direwangi ngeyel ngene wae ora diarepi.
Saiba apa aku yen ora ngeyel lak ya saya ara dikersa-
190 ake."
"Sakjane ngono ngene lo Mah."
"Pripun, purun nggih."
"Aku-i marang sliramu guething ngono jane."
"Pun-ta gething ritek pokok aku gelem ngono lak
195 ya wis ta."
"Aku gelem Fatimah."
"Purun kakangmas."
"Mundhut garwa marang sliramu."
"Enggih."
200 "Nanging Fatimah."
"Napa."
"Yen ta manuk Cucak Ijo Mancawarna kae dibeleh.
Yen wis kok beleh dimasak enak, mari ngono dipangan
karo aku."
205 "Woo penjenengan kersa nggarwa kula nanging
peksi Cucak Ijo Mancawarna kedah penjenengan suwun."
"Iya mangkono Fatimah."
"Pun ta kangmas."
"Sekira gelem."
210 "Ja maneh kok manuk Cucak Ijo Mancawarna. Lha
mbok bandha kula nika sampean pek pokok kula njeneng-
an kersakke aku gelem kok. Ya tak paringake kok kang
mas."
"Wo yen ta ngono aku ya gelem mundhut garwa
215 marang sliramu Fatimah."
"Ngaten kangmas."
"Iya."
"Sampun kedangon, mangga kula dhereaken kondur."
"Ayo, ayo, ayo."
220 "Kondur dhateng negari Ngesam, kakangmas."
"Ayo tak dherekne wong ayu."

VI

BABAK KELIMA

(Janturan):

Sore-sore padang bulan.
Ayo konco padha dolanan.
Rene-rene bebarengan.
Kanca kabeh e padha dolanan.

5 Kae-kae rembulane.
Yen tak sawang katon awe-awe.
Kaya-kaya ngelingake.
Kanca kabeh aja turu sore-sore.

Gethuk asale saka tela.
10 Iyong ngantuk iku tambane apa.
A a gethuk asale sangka tela.
Yen ra cethuk nyang ati dadi gela.

Aja ngono mas.
Aja aja ngono.
15 Kadhung janji mas.
Engko mundhak gela.

"Kakang sedagar Jaya Makuda."

"Apa garwaning kakang."

"Sampun prakta negari Ngesam. Menapa prayogi
20 sakmenika peksi Cucak Ijo Mancawarna sampun kula
masak. Sampun rateng. Mangga kakangmas kula aturi
dhahar, kawula ingkang ngladosi kakangmas.

"O garwaningpun kakang. Aku mari tok mangan pas
iku. Oh prayogane garwanipun kakang aku tak turu
25 dhisik. Yen ta prayogane wis mari turu, adus, mari
ngono dhahar bebarengan mengkono Fatimah."

"Wo penjenengan tasih tuwuk."

"Iya."

"Dereng ngersakaken dhedhaharan. Arip panjeneng-
30 an payah, badhe ngersakaken sare. Mangga kula aturi
sare kakangmas. Mangke wungu sare siram ingkang resik
sekinten sampun ngraosaken luwe tamtu dhedhaharan
penjenengan telasaken kakangmas."

"Iya garwanipun kakang."

(Janturan):

35 Lha kacarita ra kaya mangkono.
Cobane sedagar Jaya Makuda.
Sare wonten Ngesam negara.

- Yen angine metu sor ori.
Kalung andhuk ya mas ya sing remong-remong.
- 40 Yen pengine setengah mati.
Mbasan pethuk o gak wani omong.
- Sinten ingkang wangsul saking pondok Mbulgi.
Gandasari-Gandasupena kula carita.
Sampun katam ngibadahe kaya ngono.
- 45 Katuwi wangsul kalih rama kyai nyata.
- Bedhug-bedhug lungguh nyo latar.
Tuku kopat ya mas ya taksih belajar.
Mbok bilih salah nyuwun pangapura.
Roning sawo nyuwun ngaso.

ISTIRAHAT!

- 50 rajang-tajang iris-iris.
Kawula reracik rujak tan bisa kendhatu cumawis.
Pinangka dadia jampi.
Rujake kinecer jeruk.
Ana layah lambah-lambah gula Jawa.
- 55 Lombok rawit.
Ora suwe bapakku nuli teka.
- E mangkane iki rasane ati.
rasa risi suwe ora ditiliki.
Mas ya mas ya mas ya ben janji kopen.
- 60 Jok kolalen pamrihe supaya kajen, Sajake
arep lali kwajibane ya bane.
Anakmu mung rewel wae mbok eling.
Mula aja koming marang wong kang
lencir kuning.
- 65 Ala rujak nanas.
Aja ditambahi kuweni.
Tiwas nggagas.
Jebul ana sing nduweni.
- Mas ya mas ya mas ya ben janji kopen.
- 70 Ja kolalen pamrihe supaya kajen. Sajake
arep lali kwajibane.
Bapakne anakmu mung rewel wae.
Mbok eling aja koming marang wong kang
lencir kuning.

(Kandha):

- 75 Tan kocapo sedagar Jaya Makuda. Sare wonten
dalem gupit mandragini. Sinten ingkang kula carita,

ingkang wangsul saking pondhok Mbulgi. Gandasari-Gandasupena sakwentawis wonten pondhok Mbulgi. Sampun katam piwulanging rama kyai Dul Ngalim. Kala rumiyin
 80 dereng dateng pondhok asmane Gandasari-Gandasupena. Gandeng kinecak sesamane murid kawulange esok sore ora lali, kawulang sore esok wis mangerteni. Kangge tandha murid pondhok Modhang Mbulgi, kalian rama kyai Dul Ngalim pinaringan asma Raden Muhammad. (Ya).
 85 Sekawit wonten pondhok Mbulgi, Ahmad-Muhammad pinaringan dhawuh kalian rama kyai kedah wangsul wonten praseban supados njujug wonten pungkuran, isuh kang resik. Mitungkasing rama kyai supaya mlebet wonten dalem pawon. Yen wonten dedhaharan kedah kadhahar
 90 lare sekalian sampun ngantos katurahaken. sampun prakta negari Ngesam, Ahmad-Muhammad putra sang ayu Fatimah alon kanti ngendika.

"Adhiningpun kakang yayi Raden Muhammad."

"Dalem kangmas."

95 "Wis prakta negara Ngesam kepriye yayi sliramu lan pun kakang tak utus bali menyang Ngesam kelawan rama kyai Dul Ngalim. Anggoning paring dhawuh rama kyai yen wis prakta Ngesam ora kena kesusu sowan ibu, supaya timindak marang pungkuran, isuh kang resik."

100 "Ha inggih."

"Sawise isuh resik supaya menyang dalem pawon. Yen ana dhedhaharan apa wae kudu didhahar aku lan sliramu, ora kena diturahake. La iya ta yayi."

105 "Inggih leres kados ta aturipun penjenengan kangmas."

"Muhammad."

"Dalem kangmas."

"Iki wis prakta dalem pawon, mara coba ana tenong kae bukaken isine apa yayi."

110 "Inggih dalem kula bukakipun kangmas."

"Apa Muhammad."

"O kangmas saklebeta wonten tenong kala wau wonten dhedhaharan ingkang eco-eco kangmas."

115 "Coba-coba takpriksanane. Lho lho lho lha kok ana pancenan kang sarwa edi. We lha kok ya ana iwake ya yayi ya."

"Inggih pancen ta kanjeng ibu kala wau woh sekinten pancen nggih leres sinaosa kula lan penjenengan pados kepinteran, nanging kangmas mboten
 120 masalah kebak katresnan masalah menapa kemawon suwataone dipun paringi mekaten."

"Iya, iya pancene bener. Ibu ora nglerwaake ja layak ta sliramu marang aku ana pondhok panggah krasan."

- 125 "inggih."
 "Ibu pancen setia tuhu gumati marang putra, nadyan putrane ora ana nyatane ana Ngesam kok panggah dipancenani ya yayi."
 "Inggih kangmas, inggih."
- 130 "Kajaba sangka kuwi rama kyai ya kok waskitha. Yen ana dhedhaharan pancenan kudu didhahar si adhi lan pun kakang ora kena diturahake kudu kantekeke. Ayo kene dhimas padha didhahar aku marang kowe yayi."
 "Ha inggih nyumanggaaken kangmas, mangga."
- 135 "Sing mbage iwake aku ya dhi."
 "Inggih kula sing kuathah kangmas."
 "Si adhi nyuwun sing akeh."
 "Inggih kula sing kathah kangmas."
 "Iyoh. Wis aku dulur tuwa, aku tak mundhut gulu karo ndhase iki wae. Nya sing ngisor sliramu kabeh yayi."
 "O inggih kangmas dados niki kula sedaya mekaten kangmas."
 "Iya."
- 145 "Inggih."
 "Penjenengan menika klangenane gulu kalih sirah mekaten kangmas."
 "Ya ra klangenan, ning aku pancen ya dhemen kok gulu karo sirah ngene iki."
- 150 "O dados njenengan pancen dhemen kalih kados ndhas-ndhasan ngoten niki. Njih, njih."
 "We ki kok dadak tekan sing semono. Ayo yayi padha didhahar dientekake ya dhi."
 "Inggih mangga kangmas."

(Kandha):

- 155 Tan kocapo. (Lha ya). Ahmad-Muhammad mboten wuningaya nikang kadhahar menika sejatosipun ulamipun peksi Cucak Ijo Mancawarna. Mangka peksi Cucak Ijo Mancawarna dumunungan wahyuning narendra. Sok sintena ingkang saged dhahar iwake manuk Cucak Ijo Mancawarna, jangga kelawan sirah saget jumeneng narendra.
- 160 Dhadha saktengandhap jumeneng patih kaliyan prajurite. Raden Ahmad putra ingkang tua dhahar jangga lan sirah. Muhammad dhahar dhadha saktengandhap. sampun katelasake balung sujen mboten katurahake. Kakempal-
- 165 ake rampung, kacemplugaken wonten pawonan katut kobong. Mula babar pisan ora ana turahan. Tuwuk madharaning Raden Ahmad-Muhammad pinanjingan wahyu ratu lan patih lan prajurite. alona Raden Ahmad-Muhammad kula carita.
- 170 "Yayi Raden Muhammad."

"Dalem kangmas."

"Mesthine bubar dhahar kuwi lak ya wareg."

"Inggih."

175 "Nanging yayi giniya aku bubar mangan awakku kok ndhrodhog. Kringetku kok gobyos. Gek iki meng iwak apa sing didhahar iki mau ta yayi."

"Inggih dalem semanten ugi kangmas. Saksampunipun dalem menika dhahar masalah ulam kala wau raosipun kok gembruduk mekaten kangmas."

180 "Muhammad."

"Dalem kangmas."

185 "Bakal sowan ibu ananing isih ladri ibu anggoning durung wungu. Apa sing prayoga metu njaba dhisik. Ngisis ana tengaing alun-alun negara Ngesam ana sakngisoring ringin kurung sakembaran, kelawan ngranti supaya byar padhang. Mengko byar padhang ibu wungu anggoning sare padha sowan ya yayi ya."

"Inggih kula nyumanggakaken kangmas, mangga."

190 "Ayoh metu njaba ngisis ana tengahing alun-alun kana dhisik yayi."

"Inggih mangga, mangga kangmas."

(Janturan):

Etan kali kulon ya kali.

Aren nyabrang kok ana wote.

Etan gati kolon ya gati.

195 Yen tak timbang padha abote.

Kula cerita Ahmad-Muhammad lha metu njaba.

Ngisis woten ringin kurung nyata.

Sinten ingkang kula carita.

Awar-awar godhonge jati.

200 Godhng kluwih tak iris rata.

Sapa tawar rasaning ati.

Yen digawe sak mata-mata.

(Kandha):

205 "Sinten ingkang sare wonten dalem gupit mandragini, sedagar Jaya Makuda. Byar padhang gregah wungu nyukceni raga jiwane katon lue mandharane, nimbali Fatimah supaya ladi marang dheweke. Alon sedagar caritane.

"Panjenengan sampun wungu kangmas sedagar."

"Lho ! Iki garwanipun kakang Siti ngono."

210 "Inggih. Menapa badhe ngersakaken dhedhaharan."

"Nuwun inggih dipun rantos nggih kakangmas."

"Iya iya iya iya."

(Kandha):

Tan kecapa. (Lha). Dewi Fatimah ipat-ipit lembe-
ane, tindak pungkuran. (He eh). Bukak tenong kothong
215 blong ora eneng apa-apane, kegeting Dewi Fatimah.

- "Lho dhedharane kangmas sedagar Jaya Makuda ana
tenong kok kothong blong ora eneng apa-apane. Lha kok
entek resik kok kari ajang blaka ki gek sapa lho sing
ndhahar. Mangka ora ana salah sawijinging pawongan.
220 Weh aku mangko lak sida kedudukan. Ya toh salahku
luput sepira dukane kangmas sedagar kudu aku manut.
Ora liwat aku bakal matur kangmas sedagar."
"Kangmas sedagar Jaya Makuda."
"Iya, apa garwanipun kakang."
225 "Nyuwun pangapunten."
"Pangapunten kepriye."
"Pancene ical lho kangmas."
"Wo dadi pancene ilang. Ya wis ora papa. Nanging
iwake janji isik."
230 "Ulam menapa wong kantun ajang blaka."
"Lho ! dadi iwake ya ilang."
"Wong belunge men mboten wonten lo kakangmas."
"Fatimah !"
"Kula."
235 "Aku mbiyen yen ta wis janji marang sliramu. Aku
gelem mundhut garwa marang sliramu asal manuk cucak
ijo mancawarna kudu dibeleh. Terus didhahar barengan.
Lho dadi bojoku pirang ndina Fatimah. ya wis ora pa-
pa. Yen ta manuk iwak cucak ijo mancawarna ilang, wis
240 saiki ngene wae. Belunge wae gawa rene."
"Kangmas, menapa ingkang kula caosaken. Sampun
resik mboten wonten menapa-menapa. Sampun duka inggih
kangmas, panjenengan ngersaaken ulam menapa, waton
sanes ulaming manuk cucak ijo mancawarna, kula sagah
245 badhe nglintoni."
"Dadi balunge ya wis ora ana."
"Mboten wonten."
"Ya wis ora ana masalah balunge, sunduke wae
gawa rene."
250 "Mboten wonten, menapa ingkang kula caosaken,
mboten wonten."
"Fatimah, kurang ajar. Tak pundhut garwa pirang
dina kok wis wani ngingkari janji Fatimah."
"Kangmas sedagar, kening menapa panjenengan
255 tegel daksiya dhumateng kawula, oh kangmas. Sampun
sanget-sanget panjenengan kalian kula kakangmas."
"Jane ngono lho dikapakne."
"Kowe ki diajak golek dhuwik goblokmen lho
pakdhe-ki."

- 260 "Wong didemok ae ora kok leh kintrang-kintrang, kemayumen."
 "Iki lho manungsa kaya ngono, mboke biyen kok gelem ngemiki, bang bayik."
 "E Fatimah."
- 265 "Kula kangmas."
 "Yen ta masalah manuk cucak ijo mancawarna ora ana, kudune mengkene tampanana Fatimah."
 "Bah, wi sesok nek jebol tenan bangkrut lho aku."
- 270 "Jajal tak teleng-telengake kok ana subawaning wanita nangis. Coba apa si adhi ya mireng ta yayi."
 "Inggih kangmas leres."
 "Putraku ngger aku tulungana ya nak, yen aku ora kok tulungi Fatimah mati."
- 275 "Raden Muhammad."
 "Dalem kangmas."
 "Disambatake kok sliramu marang pun kakang, iki lak ya tangise kanjeng ibu."
 "Inggih kangmas, kula nggih mireng wonten menika grumbul-grumbul eten nika enten swantene tiang mular kados ta kanjeng ibu kangmas."
 "Iki wong Ngesam kok grumbul-grumbul."
 "Wo iya."
 "Ngendi lho iki lho."
- 285 "Tak kira neng sor ringin."
 "Ayo dherekna pun kakang yayi, dinyataake apa pancen ibu Fatimah temenan sing nangis."
 "Nggih prayoginipun mangga kangmas kula ndherek-aken kangmas."

(Janturan):

- 290 Lho Ahmad-Muhammad kacarita.
 Ninggalake alun-alun Ngesam negara.
 Dinyataake apa luh ibu nira.
 Kageting Ahmad-Muhammad kang nyata.

- Numpak prau kok malang-malang.
 295 Numpak gethek sathange tugel.
 Rabi ayu nek bengi ilang.
 Rabi elek ndhuk watuke kekel.

- 300 "Kangmas sedagar panjenengan kejem sanget."
 "Ya ngene-ki oleh-olehe wong kurang ajar !"
 "Dhuh putrake ngger, aku tulungana ya nak."
 "Nyoh neng ora trima kana kandaa wong tuamu !"
 "Kangmas sedagar."
 "Sambata karo anakmu !"
 "Sakit, sakit kakang."

- 305 "Ya ngeneki oleh-olehe wong wadon kang kurang ajar !"
 "Kakang sedagar, sampun panjenengan daksiya dhumateng kula."
 "Gandasari-Gandasupena balia aku tulungana ya
 310 nak, yen aku ora kok tulungi Fatimah mesti mati."
 "Ayoh arep nangis sing kepriye wae sambate marang anakmu."
 "Fatimah mati dhuh kangmas mesaken kula mbok nggih sampun anggenipun ngajar kula."
 315 "Pancen istri kang kurang setia tuhu karo wong lanang."

(Kandha):

- Kacarita sedagar Jaya Makuda. Katon mbrababang pasuryane, keter penggalihing Fatimah kaajaring. Ngadek kajejeg, Miring katempling, mlayu kaburu
 320 kacandak kalarak-larak. Fatimah ngore rambute, rambute kaukel wonten astaning sedagar Jaya Makuda. Kasandhal medal saking dalem kupit mandragini. Fatimah tawang-tawang tangise. Enggal cinarita, gelise kekandha-kandha, yen mboten kasengka mangsi tamata.
 325 Sinten ingkang wonten alun-alun negari Ngesam Raden Ahmad-Muhammad.

- "Adhiningpun kakang yayi Muhammad."
 "Dalem kangmas."
 "Durung antara suwi anggenku lelunguhan."
 330 "Nggih."

(Kandha):

- Ta jare wong crita, nadyan kaincrit waton ditata. (Lha). Delok wayang larapaning debok dawa, deluk kentrung larapane lambe blaka. (Lha wong blejet kaya ngene). Lha ya ra nek lambe miwir anggetmu ngge tuku
 335 kethu tukang terbang apa rumangsamu. (Lha ya).
 Tan kocapo, sedagar Jaya Makuda. Anggenipun ngajar Fatimah lir pindha raja kaya serapat ngunus pusaka. (Hm). Sedagar asta kiwa ngasta bangkeane Fatimah, asta tengen ngasta pusaka. Pusaka dereng
 340 ngantos tumama, sinten ingkang mlajar-mlajar, putraning sang ayu Fatimah inggih Raden Ahmad lan Muhammad. Nyumurupi yen ibu bakal kaperjaya salah sawijining pawongan, Muhammad trengginas trampil. Pusaka karoyok kelawan Raden Muhammad. Sedagar dipun ajar
 345 lir pindha raja kaya.

(Janturan):

Sore-sore mlaku nang kutha.
Tuku tomat digawe lalapan.
Yen wajibe urip ning donya.
Kudu sambat sinambatan.

- 350 "Manungsa murang tata keparat e-pawongan. Sakdu-
runge ilang nyawamu oncat ragamu maaraning aku, aku
takon sliramu. Pawongan saka ngendi, sapa kang dadi
aranmu. Ayoh aja kanjeng ibu Fatimah. Iki Raden
Muhammad tandingmu. Wani ngajar kanjeng ibu Fatimah
355 ingga bakal kaperjaya, rahayuning aku sing prakta.
umpamaning ora, kanjeng ibu ngemasi dupta pilaya,
padha karo ngilangi dhudhaning raden Muhammad. Ayoh
pawongan."
"Kangmas sedagar, wonten wingking kula ngriki
360 kakangmas."
"O o o Fatimah."
"Ja ya aja kok pateni. Wis aja kok pateni ya
ngger. Kangmas sedagar wonten wingking kula mriki."
"Yayi Raden Muhammad."
365 "Dalem kangmas."
"Wis lerena yayi Muhammad. Lerena dhisik yayi."
"Inggih kangmas, nggih."
"Ayo ana mburinipun kakang kene, pun kakang
bakal matur kanjeng ibu. Ayo padha sungkem yayi."
370 "Nggih prayoginipun mekaten kangmas, mangga."
"Kanjeng ibu Fatimah, kawula ngaturaken sembah
sungkem."
"Putraku ngger, banget wis tak tanpa padha
prayogakna. Kepriye anggoning menyang pondhok putra-
375 ku."
"Angsal pangestu penjenengan piwulanging rama
kyai sedaya sampun katam. Ibu, sakawit asma kula
raden Gandasari adhi Gandasupena, katampi wulanging
rama kyai, kalian rama kyai kawula dipun santuni
380 asma, sakmenika asma kula raden Ahmad, Gandasupena
asmaning raden Muhammad."
"Dadi sliramu asmaning Ahmad lan Muhammad.
Kabeneran ya nak."
"Nanging ibu, daya-daya selak mboten kiat ngam-
385 pet kapang kawula kalian ibu Fatimah, parandining
prapta Ngesam mboten nampi bebungah kok sajak
kawula nampi kuciwa, Ibu. Panjenengan kalawau dipun
ajar salah sawijining pawongan menika kosi ngunus
pusaka, panjenengan badhe kaperjaya. Rahayuning
390 tetungka Ahmad-Muhammad, pusaka katampek putra panje-
nengan adhi kula Muhammad. Pawongan dipun prawasa
sajak ibu kok mboten lila. Ibu, kula nyuwun pirsaa

- panjenengan."
- 395 "Inggih ibu kawula nyuwun pirsane kanjeng ibu."
 "Kalian priantun kakung menika wonten sesambetaning menapa."
 "Inggih."
 "Matura."
 "Wonten sesambetan menapa kanjeng ibu."
- 400 "Putraku raden Ahmad lan kowe Muhammad."
 "Inggih."
 "Yen sliramu bakal nyumurupi babakan iki ya nak. Ananing pawongan kakung iki mau kok ajar aku ora lila, oh putraku, rikala sliramu budhal menyang
 405 pondhok, ibu mundhut garwa kok nak."
 "Dados kanjeng ibu mundhut garwa, yen ngaten niku rama kula mekaten kanjeng ibu."
 "Ya iki ramamu garwaning ibumu aku. Pawongan saka Mbatak Muntiaro iku sedagar asmane juragan Jaya
 410 Makuda."
 "Leres menawi ngaten ibu."
 "Inggih kanjeng ibu, yen ngaten sak menika kawula kagungan rama nggih ta ibu. mangka sakawit putra sampun mitungkas ibu sampun mundhut garwa,
 415 mbenjang putra wangsul dados mengsahing putra. Kenging menapa yen ibu mundhut garwa kok ndadak nilapake Ahmad-Muhammad. Nanging sedaya sampun kalajeng sampun sampun ibu, menapa kepareng kawula badhe sungkem kanjeng rama."
 420 "Iya sungkema ya nak sing apik."
 "Nuwun inggih, ayo sungkem yayi."
 "Mangga kangmas, mangga."
 "Rama sedagar kula ngaturaken sungkem."
 "O iya ngger tak tampani. Ora liwat puja panges-
 425 tune rama ditampani mengkono ngger."
 "Sanget kawula tampi, mangke ta rama menapa leres penjenengan garwane kanjeng ibu Fatimah."
 "Iya aku garwane ibumu mengkono."
 "Kanjeng rama, kula putraning ibu Fatimah.
 430 Kawula sanget matur sewu gung panuwun ingkang tanpa pepindhan, sekawit kawula mboten kagungan rama sakmenika kagungan rama. Mboten kula rengkuh menika rama sambungan kawula rengkuh kados sudarma kawula piyambak ingkang ngukir jiwa raga kula rama."
 435 "O dadi mengkono ngger iya ya ya banget panarimaku. Yen ta ngono yen ta ana salah sawijining bocah siji, lan loro kaya awakmu ya iki anak sing kena dipercaya, mangkana ngger."
 "Nanging rama, putramu badhe milik mangertosi."
 440 "Iya ya ngger."

- "Kenging menapa ta rama ibu kula wau penjenengan ajar lajeng engga badhe penjenengan perjaya, upami kalajeng pusaka ingkang penjenengan asta trumama ibu, ibu seda. Penjenengan kicalan garwa, kula kicalan
445 ibu. Lepating menapa dosaning menapa. Ibu niku wanita, dipatenana mati. sepinten leparing wanita dugi rama mboten saget paring pangapura. Kula badhe nyuwun pirsira leparing ibu menapa."
- "O o dadi sliarmu pingin ngerti sejaraha iki,
450 mengkana ngger."
"Nuwun inggih kanjeng rama."
"Iyoh mangkene ngger yen ta ibumu mbiyen duwe janji marang aku, aku ora gelem dipundhut garwa marang ibumu."
455 "Inggih."
"Aku saenggo sampek gelem, nanging aku duweni panjaluk mengkono ngger."
"Menapa rama."
"Dene panjalukku aku mundhut garwa marang ibumu
460 yen ta manuk cucak ijo mancawarna dibeleh."
"Inggih."
"Sakwise wis dibelah mari ngono didhahar bebarengan."
"Saklajengipun."
465 "Lha terus sakteruse mangkene ngger putraku. Sakwusana dibeleh aku mapan adus. Tangi adus arepe dipangan wis ora nana, mengkono ngger."
"Woo menika."
"Ya ya."
470 "Pekawisipun dedhaharaning rama ical."
"Iya bener mengkana putraku."
"Amit sewu inggih rama, lepat nyuwun agung sih pangapunten. Menapa malih babakan namung dhedhaharan, mangka rama menika kangge pusering kaweruh. Tuntunan-
475 ing para putra adat tumindak kengingo kangge tepa patuladha lengganing dhateng putra. Yen pakawis dhedhaharan badhe ngetenaken pengorbanan paten-pinaten l slampahan ngeten menika upami dipun teru Ahmad-Muhammad menapa sae ta rama."
480 "O o mengkono ngger. Aku sakjane ngono ya wis ngerteni nek masalah panganan iku ora ana gunane. Nanging aku percaya yen manuk kuwi kang kanggonan masalah ya kuwi narendra mangkono."
"Wo mekaten."
485 "Ya."
"Rama, yen ta rama mboten saget paring pangapura lepat teng kanjeng ibu Fatimah. Sampun ibu rama ingkang penjenengan perjaya. Ahmad-Muhammad kemawon cadhang deduka. Mangga kula aturi mejahi kula sebab

- 490 ingkang dhahar iwake manuk cucak ijo mancawarna
mboten lintu nggih Ahmad-Muhammad kula kok rama."
"O dadi sing dhahar manuk cucak ijo mancawarna
sliramu, mengkono ngger."
"Inggih."
- 495 "Ayo saiki isik apa entek mengkono."
"Sampun telas."
"Telas babar pisan."
"Pun mboten enten."
"Belunge."
- 500 "Sampun kula cemplungaken gadang pawonan, sekin-
ten kok kobong ta rama."
"Oh putraku."
"Kula."
"Yen ta iwake wis kok pangan kabeh, ayo utahno
- 505 tak pangane, mangkono."
"Kanjeng rama, penjenengan nyuwun lutaking Raden
Ahmad yen kawula saget lutak, lutak kawula penjeneng-
an dhahar kang pamrihipun peksi cucak ijo mancawarna
sageda dateng ngarsa penjenengan ngaten ta rama."
- 510 "Ya mengkono ngger."
"Kanjeng rama. Upami kawula saged lutak, sadaya
panjenengan suwun kula caosaken. Nanging kula mboten
saged lutak kok rama."
"Yoh yen wis ora bisa lutak coba yen ngono upama
- 515 tak dhodhok ngono dhadhamu."
"Badhe penjenengan dhodhok dhadha kula."
"Iyo supaya ben metu, mengkono."
"Kanjeng rama, mapan ibu tasik trisna kalian
penjenengan kok Ahmad penjenengan dhodhok dhadha
- 520 kula, nyawaning Ahmad penjenengan suwun kula caosa-
ken. Mapan ibu tasih trisna paduka mekaten."
"O, yen mengkono yoh coba majua mreng, tak
dhodhok terus supaya ben muntah, mengkono."
"Nuwun inggih."

(Kandha):

- 525 Tan kocapo. (Lha ya). Lha ya ngono-engko bayar-
ane padha. Raden Ahmad kadhodhok dhadhane. kang
pamrihe peksi cucak ijo mancawarna sageda wangsul.
Sageda lutak kadhahar sedagar Jaya Makuda. Kang
pamrihe wahyu cucak ijo mancawarna saged malebet
- 530 wonten gua garbane sedagar Jaya Makuda. Gandheng
peksi cucak ijo mancawarna sampun jinasad dhateng gua
garba, kadhodhoki sampi abang ireng parsuryane,
mbrabak abang pasuryane parandene mboten saged lutak
Raden Ahmad. ra trima Raden Ahmad-Muhammad. Keter
- 535 astane, kerot-kerot wajahing wungun Raden Muhammad.

"Kangmas ki kersane kepriye. Didhodhoki dhadhane kok mendel wae. O o kangmas, yen penjenengan seda sing kelangan dudu Jaya Makuda, nanging aku Raden Muhammad. Jagad Ngesam ki nek sik ana manungsa sing
540 pamikirane kaya Jaya Makuda iki nglethek-ngletheki negara Ngesam. Jaya Makuda! Ora pantes kowe ana Ngesam, metu njaba kangge bendha mustakamu."

(Janturan):

Etan kali kulon kali.
Arep nyabrang gak ana uwote.
545 Etan gati kulon ya gati.
Yen tak timbang padha abote.

"Jaya Makuda, ora pantes ana negara Ngesam. Minggato keparat! Mbok menawa jagad Ngesam isih ana manungsa kang kagungan budi pekerti kaya sliramu, ki
550 nglethek-ngletheki jagad Ngesam. Durung antara suwi ana praja Ngesam arep gawe penyakite negara Ngesam. Ayoh manuta! Tugel gulumu, padhakke dosamu."

(Kandha):

Sedagar nyambatake Dewi Fatimah. Nanting Dewi Fatimah garwa lan putra abot endi.

555 "Awas sedagar Jaya Makuda."

"Putraku ngger Ahmad-Muhammad. Wis, wis nak aja ngger aja kok pateni. Yen kangmas sedagar, ngriki cedhak kula ngriki."

"Inggih."

560 "Kangmas."

"Fatimah."

"Mangga ngriki penjenengan mengke dipejahi lho kalian Muhammad."

565 "Yen aku mundhut garwa marang sliramu sedina rong dina tak empet saya ya kuat. Nanging yen genep sasen aku mesti tumekaning pati. Saiki mengkene Fatimah."

"Muhammad wis lerena."

570 "Sampun kangmas dipun culaken. Badhe kula tugel gulune manungsa ingkang kados ngeten niki."

"Muhammad ana mburi kene."

"Ha inggih kangmas."

"Kados pundi kangmas sedagar."

575 endi."

"Penjenengan paring dhawuh garwa kalih putra amrat pundi."

- "Yen ta abot putra ayoh tundhung. Yen ta abot garwa, aku sing neng kene mangkono."
- 580 "Dados yen kula amrat penjenengan, putra kalih dipun tundhung lunga."
"Kudune mangkono Fatimah."
"Nanging yen kula amrat kalian putra penjenengan badhe wangsul dateng Mbatak Muntiara."
- 585 "Ya mangkono."
"Oh kangmas sedagar. Ewuh ya pamudi kula ya putraku ki jebul kok ora jawa. Ora duwe rama digolekke rama kok wani karo ramane. Yen aku ngebotake putra nanging aku ora duwe kangmas sedagar. Mangka tresnaku tanpa upama. Alah mandhak anak ae kok tak botke nemen-nemen. Anakku tak tundhung lunga waos enggale. Mbok menawa anggonku bebrayan kelawan kangmas sedagar bisa kagungan putra meneh. Pun kula amrat penjenengan kangmas."
- 590 "Wo pancen ayu tenan garwaku Fatimah. Ayo ndang tundhung lunga."
"Ahmad-Muhammad."
"Dalem kanjeng ibu."
"Maju mrene."
- 600 "Inggih."
"Cilik takgedheake. Goblok tak pinterake. Ngerti nek sliramu ora duwe rama, tak golekke rama. Mestine lak ya sing apik karo ramane. Lha kok jebul plak, plek, plak, plek. Kok anggik apa kowe maneni ramamu. Padha karo maneni ibumu aku. Aku wis ora dumusudi kanggonan sliramu Ahmad-Muhammad. Kowe kudu minggat saka papan kene."
- 605 "Kangmas raden Ahamad. Penjenengan wonten wingking. Kula ingkang matur ibu kakangmas."
"O iya nak."
"Kanjeng ibu kula raden Muhammad kepareng matur."
"Muhammad matur kepriye."
"Kanjeng ibu matur dhawuh Ahmad-Muhammad kedah miruda saking ngriki sebab ibu ngamratakan sedagar Jaya Makuda. Kanjeng ibu mangga ibu dipun weningaken pancandria jingandika. Menapa mboten kelajengan ta anggenipun paring dhawuh kanjeng ibu kados mekaten. Penjenengan menika kados pundi ta ibu. Wong garwa kalih putra kok dipun amratakan garwa. Ibu, bojo niku nek mati mboten tunggal ruangan, lek urip mboten gandheng ambekan. nanging putra niki roh ibarating Bu. Bojo kenging ditalak. Mangga ibu, Gusti Maha Pirsas mboten nikokaken umat mahlukipun mboten badhe daksiya titah ingkang dipun titahaken pundi manungsa ingkang rumaos kasiksa wonten alam donya kantung

ngunduh tanduraning piyambak. Menapa ibu mboten ajrih mbenjang dinten wingkingipun kanjeng ibu."

630 "Kawit kapan kowe mejang karo ibumu aku, Ahmad-Muhammad, aja kakean bicara kudu minggat saka kene."

"Ngaten maturnuwun ibu. Nggih maturnuwun Bu. Gene ibu sampun ngamrataken garwa, ngenthengaken Ahmad-Muhammad. Jagad jembar Bu, langit dhuwur, mboten namung sak godhong kelor. Ngguwak negara, 635 mbenjang antuk negara. Ngguwak wong tua, mbenjang antuk wong tua. Kangmas raden Ahmad, mangga miruda saking Ngesam mriki kangmas."

"O mangkono yayi."

(Janturan):

Lho Ahmad Muhammad nelangsa atine.

640 Kausir Fatimah saking Ngesam mangke.
Kageting Ahmad alon ngendika mangke.
Gek kepriye ta dhi kok kaya ngene.

Etan kali ya mas ya kulone kali.

Arep nyebrang gak ana uwote.

645 Etan gati kulon ya gati.
Tak timbang-timbang padha abote.

"Yayi raden Muhammad."

"Dalem kangmas."

"Kersane kanjeng ibu iki piye ta dhi."

650 "Sampun-sampun kangmas, sampun dipun penggalih sanget-sanget. Kanjeng ibu pun tegel kalian kula lan penjenengan. Sampun kuwatir, yen ta awake dhewe ki ditudhung marang ibu salawase nggalih, neng ngendi nggene mesti nduwe ibu, mengkono kangmas."

655 "Kang yayi adhiku Muhammad, apa ya yen wong tuaku kang ngukir jiwa ragaku wae ora gelem ndaku."

"Lha inggih."

"Wong liyan kebrayan bakal tulung nasibku karo nasibmu ta Muhammad."

660 "Kangmas."

"Apa yayi."

"Sampun dipun galih sanget-sanget. Gusti kala wau Maha Pirsu marang kawulane. Sakdaya budi pakertine kula lan penjenengan lak pun ngertos. Yen sing 665 salah menika mboten kula lan penjenengan kangmas. Mangga prayogining teng pundi kawula ndherekaken kalian penjenengan mekaten kangmas."

"Muhammad adhiku."

"Ha inggih."

670 "Ora ngira ora ngimpi jebul kanjeng ibu tekaning marang sliramu lan pun kakang. Amung semene ah adhi-

ku, dhi, dhi. Isiko ketunggon kanjeng rama prabu Imam
Sujana, sliramu lan pun kakang ora nampa panandhang
sing banget kebak kanelangsan, Muhammad kaya wis ora
675 amigunani aku urip ana gumelaring jagad, pulih aku
urip ora didaku karo wong tua, lebih becik aku tume-
kaning pati Muhammad."

"Oh kangmas mangga, mangga sampun dipun pikir
grusa-grusu. Mangke ndadosaken kliru kangmas."

VII

BABAK KEENAM

(Kandha):

Kacarita Raden Ahmad lan Muhammad nglampahi salira branta, salira raga. Branta pamikiran, sungkaw ing penggalih. Malebet wana dirbaya. (Apa sing diarani wana dirbaya, mangkono). katbiyen kok ra
 5 apal-apal. (Lha ya pancen ya raiso kok). Wono alas. (Ya). Dir gedi, baya pakewuh. Gunung dhuwur diunggahi, alas ketel kasasaki (biyaki). He he disasaki. (O disasaki, ya yoh). Jurang jeru (Yoh) kauduni. Bedhug bener ana tengah wana. Panas kemplang-kemplang
 10 ana tengah wana. Bledheg sesamberan, udan deres wuh pinuwuh wonten tengah wana. Bengi tengah wengi wonten tengah wana. Kangalita ngunjuk toya, ageng dhahar sega mboten. Nadyan ta mangkono parandeneng ora lali piwulanging rama kyai Dul Ngalim wonten pondhok
 15 Modang Mbulgi. Ora pegat keprayit nan setya tuhu anggenipun manambah marang Gustine. Bedhug bener, srengenge manjer, panas gematel. Salib gondhange, ndhredheg jiwa ragane, tutas kringete, lue madharane. Raden Ahmad kadange kang tua ora kuat ngelake ambruk
 20 ndhepani siti bantala lumpuh mboten seged rumaksana.

"Muhammad aku piye yayi Muhammad. Aku lumpuh gak isa mlaku ilang bahyuku, tutas kringetku, aku ora kuat ngempet ngelakku Muhammad, Muhammad."

25 "Yen ta penjenengan menika nyandhang kasangsaran, sauga kula nggih ndherek sangsara. Pramila saking menika kangmas, mangga dipun kiat-kiataken rumiyin kangmas."

30 "Aku ora kuat, aku ora kuat mlaku. Aku ilang dayaku. Aku lumpuh gak isa mlaku. Oh adhiku, yen aku ora kok golekake banyu, mesti aku mati kok Muhammad."

35 "Oh mekaten kangmas inggih lha menika wancinipun nggih ketiga langka jati mati. Apa maneh wit jati ta kangmas, sak jerone masalah suket wae ora ana sing thukul, terus pundi anggen kawula padosaken toya kangmas."

40 "Percaya marang panguasaning Gusti. Nadyan iki ketiga dawa, jati ngarang. Ketiga ngarak, ana kali ora mili banyune, ana belik sakira ora metu sumbere. Nanging yen ta Gusti paring pitulungan sekira ora angel dalane. Wis yayi, aku golekna banyu ya Muhammad."

- "Inggih. Yen ta mekaten kula percados inggih Gusti kalawan Maha Pirsa. Nanging kangmas menawi kawula pados toya, penjenengan sampun pindhah saking
45 mriki inggih kangmas."
"Gek lunga ki lunga nyandi ta dhi, wong aku obah wae kaya ora kelar kok yayi."
"Inggih-inggih, inggih, inggih, yen ngoten kula bidhal kangmas."
50 "Muhammad."
"Dalem kangmas."
"Majua mrene."
"Inggih."
"Kowe budhal golek banyu, mangka yen wis entuk
55 banyu mbok ngge adhah apa ta dhi."
"Lha inggih damel adhah menapa."
"Iki lho yayi, rikala isih kanjeng rama prabu Imam Sujana pun kakang katinggalan wasiat rong pekar. Siji cindhe puspita, kang swiji kacu sutra
60 dhewangga."
"Lha inggih kados pundi."
"Muhammad."
"Dalem kangmas."
"Iki kacu sutra dhewangga tampanana tak wulung-
65 ake jeneng sira."
"Wo inggih, inggih, inggih, inggih."
"Iki gedhe kuasane, kacu sutra dhewangga iki yayi."
"O mekaten kangmas nggih, inggih."
70 "Disabetake gunung isa jungkruk. Kasabetake segara bisa asat, kasababetake bumi bisa sigar ajur mrapat. Uga iki kena kanggo nyenthik tanpa suthang, miber tanpa lar, adhiku Muhammad."
"Ha inggih."
75 "Kacu sutra dhewangga gawanen, mangko yen ketemu banyu celupno, aja kok peres, gawanen mrene peresane kena kanggo nelesi gondangku sing sakit iki ya yayi."
"Oh inggih kangmas, inggih."
"Wis budhal budhala Muhammad aku tegakna, ora-
80 ora yen pun kakang tumekaning pati. Aku pasrahna marang panguasaning Gusti. Nadyan aku lumpuh ora kelaring ngglawat, nanging yen ta pun kakang durung kapes keswan pengayunaning Gusti karya sak tiliring mbawang sekira Allah tetep bakal paring pitulungan
85 kok yayi."
"O mekaten kangmas, inggih sak sampunipun dalem menika dipun keparengaken pados toya. Mangga kangmas sami-sami nyenyuwun dateng ngersaning Gusti kang Maha Agung. Supados cepet angsal damel mekaten kangmas."
90 "Kaya ngana ya."

"Inggih."

(Kandha):

Tan kocapo (Lha) Ahmad lan Muhammad. Pepisahan wonten tengah wana. Muhammad ngupadi toya telung jangkah noleh mandhek maspadakake kangmase, gek tegel
95 gek ora, gek tega, gek ora. Kakang ngupadi toya. Malaju gancaran cinandra saking mandra ulir aja lamis lampahe.

(Janturan):

Mbok aja sok gampang janji wong manis.
Yen ta amung lamis.
100 Becik aluwung prasaja nimas.
Nora agawe cuwa.

Tansah ngugemi janjimu wingi.
Jebul lamung lamis.
Kaya ngenteni tukuling jamur.
105 Ing mangsa ketiga.

Aku iki prasasat.
Lara tan antuk jampi.
Mbok aja amung lamis.
Kang uwis.
110 Dadine banjur ndharidhis.
Akeh tuladha kang demen cidra.
Uripe rekasa.
Pilis sawiji nganti kang suci.
Kanggo bisa mukti.

(Kandha):

115 Raden Ahmad wonten tengah ijen tanpa kekancan, ngrantos adhining Muhammad. Ora ngerti sangkan paraning bilahi, medal saking grumbul wonten gajah putih sak lumbung gedhine. Kageting Raden Ahmad.

"O oh adhiku Muhammad, pun kakang diparani gajah
120 putih sakmene gedhene yayi Muhammad. Muhammad kowe balia ya dhi gajah putih saya caket pun kakang. Muhammad aku diparani gajah putih yayi."

(Kandha):

Tan kocapo gajah putih caket Raden Ahmad. Tlale kandhapake katumpangake bangkeaning Raden Ahmad.
125 Katlale bangkekane, katumpangake wonten gigire. Raden Ahmad kagondhol gajah putih arane.

"Muhammad. Aku tulungana yayi. Aku digondhol
gajah putih kang kaya mengkene. Muhammad wis ora oleh
banyu kowe gek balia aku tulungana yayi. Oh gajah aku
130 gelem kok gawa menyang papan pasudungamu waton beba-
rengan karo adhiku. gajah adhiku entenana ya gajah.
Muhammad saeba kaya mengapa yen sliramu bali mengko
ora ketemu kakang. O o iya yayi aku isih darbening
wasiat siji kaaran cindhe puspita. Kacu sutra dhe-
135 wanga tak wulungake sliramu. Muhammad kanggo golek
banyu, sing tak gawa ijik cindhe puspita iki yayi. Oh
ibu, ibu Fatimah pepundhen kula ibu ngaten nika yen
penjenengan dhedhaharan menapa mboten enget, Ahmad-
Muhammad kedharang-dharang pisah-pisahan wonten wono
140 galih dhekan, nanging ibu, penjenengan eco premante-
nan kalian garwa ingkang penjenengan tresnani. Ya
Allah Gusti kula nyuwun pepadhang wonten pundi sed-
herek kawula. Rama, rama prabu Imam Sujana, kula
ndherek penjenengan kanjeng rama."

VIII

BABAK KETUJUH

(Kandha):

Kacarita Raden Ahmad. Wonten gigiring gajah putih, sinambi nduduti cindhe puspita mboko sak ler. Tawang-tawang tangis sira. Gajah putih ambyur segara. Cindhe puspita kadudut kacemplungake keli. Cindhe
5 puspita kacemplungake kenter. Saya kaya kasendhal-sendhala nelangsaning Raden Ahmad.

"Muhammad, kelakon kowe pisah karo pun kakang tenan yayi, gajah putih nyemplung segara, cindhe puspita tak dudut, tak cemplungake keli, cindhe
10 puspita tak dudut, tak cemplungake keli."

(Kandha):

Sejatosipun gajah putih sanes gajah alasan. Menika gajah isen-isen kebon raja kerajaan Mesir. Plangenaning sekar kedaton atmajaning sang maha Prabu Abu Shek Badrul kamari. Inggih kesumaning ayu Dewi
15 Siti Sari. Critanipun rikala jaman samanten, Mesir antuk dendaning katerjang penyakit. Sang Maha Prabu Shek Badrul Kamari narendra Mesir antuk wangsiting Gusti. Mesir saget waluya tumahing jati saranane kedah putra Siti Sari kersa mundhut garwa. Parande-
20 ning Siti Sari kautus mundhut garwa, dereng wonten salah sawijining kakung ingkang dipun tresnani. Nanging Siti Sari ndarbeni sumpah prasapa kersa leladi pria nanging lek sing golekke garwa gajah putih. Eling-eling menika plangenane sekar kedhaton
25 atmajaning sang raja Mesir. mangka raja Mesir putraning amung sawiji Siti Sari. sampun kagungan prasapa sinten mbenjang ingkang nggarwa Siti Sari dadi kasengkakaken ngaluhur kawisuda jumeneng praja wonten negari Mesir. Sekawit gajah menika gajah sayembara,
30 prajurit Mesir ngubengi alun-alun negara Mesir. Gajah putih diculake wonten tengah-tengahe bebarisan. Sinten ta ingkang saget nyepeng gajah putih diganjar negara Mesir saksigar isi semangka kawisuda jumeneng raja. Kadhaupake Siti Sari atmajaning sang Raja
35 Mesir. parandane gajah putih ora kena kacekel nara-praja, mbobol barisan, ambyur menyang segara, mentas saking segara sing nitih Raden Ahmad. Ngancik dhate-
teng Mesir, keploking para panggawa gajah putih prakta mbeta satriya bagus karengga. Prakta alun-alun
40 Mesir gajah putih njerum. Raden Ahmad karoyong-royong para prajurit, kadherekake patih Dali Putih minggah

pasowanan agung kraton Mesir, alon sang Raja Mesir kula crita.

(Janturan):

Esok nakir sore nakir.

- 45 Sing ditakir godhong pulasa.
Abang biru mas ana ijone.
Aja diganggu ana ijone.

Ireng-ireng tumempang watu.

Lha kok munggah-medhun dalan nyang gunung.

- 50 Memandang aku aja nemen-nemen.
Yen tekan ngomah atimu bingung.

Saya laju Raden Ahmad.

Kasowake ana praja.

O o kakang patih sira.

- 55 sapa satriya bagus pideksa.

Awang-awang kang mega mendung.

Trenggiling ngono ombo sisike.

Dikon nyawang ora dikon nundhung.

Wong eling-eling kabecikane.

- 60 "Kakang patih Dali Putih."

"Dalem sinuwun."

"Marmatun ora ingsun timbali suwengka pengawak braja cumundhuk mungging ayunan kok ngaturake satria bagus jaka kemala bagus pideksa iki ingsun waspada-
65 kake iki kaya dudu pawongan Mesir, sapa kakang patih."

"Dados dalem menika sampun dipun keparengaken matur, mekaten sinuwun."

"Kaya mangkana kakang."

- 70 "Inggih kawula sowan kala wau badhe nyowanaken nggih menika ingkang putra kala wau."

"Satria bagus iki."

"Inggih."

- 75 "Miturut narapraja atur matur ana ngarsaningsun jare gajah putih bali. Baline gajah putih dititihi satria bagus, apa iki sing nitih gajah putih mangkana."

"Inggih leres kados dhawuh penjenengan, mekaten sinuwun."

- 80 "Coba, coba tak dangune kakang patih."

"Ha inggih mangga, mangga."

"Satria bagus. sakdurunge ingsun paring dawuh kang akeh padha winantu perembeg sowan nira."

"Nuwun inggih sinuwun, ngaturaken pasegan wana-
85 kerami mugu katur kanjeng sinuwun."

"Ya, ya, priya bagus ingsun tanpa prayogakno. E
satria bagus muri saka ngendi pinangkamu, sapa kang
dadi asmamu."

"O o kanjeng. Kawula kalian kabar kanginan,
90 boten sanak, boten kadang, asma kawula Raden Ahmad."

"Bocah kalian kabur kanginan ora sanak ora
kadang asmamu Ahmad."

"Inggih."

"Ahmad. Wani numpak gajah putih apa wis
95 ngerti undhang-undhange negara Mesir kene?"

"Dalem kala wau dereng mangertosi babar pindhah,
mekaten sinuwun."

"Raden Ahmad."

"Inggih."

100 "Iki gajah iki dudu gajah alasan, iki gajah
isen-isen kebun raja Mesir, plangenaning sekar kedat-
ton Sang Ayu Dewi Siti Sari. Mesir antrose dhendhane
Gusti, keterjang penyakit. Ingsun antuk wangsit,
waluyaning Mesir yen Siti Sari mundhut garwa. Pa-
105 randheneng putraku tak utus mundhut garwa gelem
leladi pria, nanging nek sing golekke garwa gajah
putih. maka gajah putih nembe kecekel narapraja. sapa
ing isa nyekel gajah putih, ingsun wisuda jumeneng
raja nggumanteni pinarakaning gustimu aku. Tak dhaup-
110 ake Siti Sari kangge sarananeng negara. Parandeneng
gajah putih bobol barisan, nyemplung segara, jebul
bali sing nitih kok jeneng sira o o Ahmad. Yen ora
sisip panyakra bawaku, sliramu wis kaamping wahyuning
ratu. Ingsun narendra sabda pandheta ratu, ora ana
115 narendra paring dhawuh pindho ping telu, sepisan
sabdaning ratu kudu dumadi. Saiki sliramu ndhereka.
Gandheng sliramu sing nitih gajah putih, sliramu
bakal tak dhaupake putraku Siti Sari. Gelem nampa
suitaning putraku Siti Sari bakal ingsun wisuda madek
120 sang maha raja nggumanteni pinarake gustimu aku Raden
Ahmad."

"Inggih, dalem matur gunging panuwun gusti. Yen
ta mekaten kawula kala wau majate lare saking padu-
sunan, sekinten napa putra penjenengan menika purun,
125 mekaten gusti."

"Sekira kabeh iku wis dadi panyuwuning, ora
mandhang luhuring derajad lan asoring pangkat, ndi ta
sing golekake gajah putih ya kuwi sing bakal disuita-
ni. Ahmad, yen ta sliramu wis saguh, mara prayogakna
130 luwih dhisik anggen sira ngadhep ana ngarsaku Raden
Ahmad."

"Inggih sinuwun."

"Kakang patih Dali Putih, ayo Raden Ahmad iki
supaya manjing ana dalem gupit mandragini aturna ana
135 ngarsaning putraku Siti Sari mangkono."

"O mekaten sinuwun. Inggih sumangga."

"Sing ati-ati kakang patih."

IX

BABAK KEDELAPAN

(Kandha):

Tan kocapo enggalo cinarita gelise kakandha-kandha (Yoh). Raden Ahmad sampun kapundhut atmaja mantu sang raja Mesir, dhaup putri Siti Sari calon benjang kawisuda madeg sang maha raja. Kula unjkura-
5 ken Raden Ahmad. mangsuli Raden Muhammad ingkang wonten tengah wana, sampun antuk toya, calon kangge unjukane sang raka, daya-daya enggal wangsul dhateng kangmase prakta tengah wana, ngerti kangmase ora ana, kageting Raden Muhammad ingkang kawula carita.

(Janturan):

10 Padhang bulan ing pesisir Banyuwangi.
Padhang bulan ing pesisir banyu Banyuwangi.
Kinclong-kinclong segarane kaya kaca.
Kinclong-kinclong segarane kaya kaca.
Lanang wadon bebarengan suka suka.

15 Eling-eling yen padha elinga.
Eling-eling yen padha elinga.
Perjuangan patang puluh lima.
Perjuangane rakyat Indonesia.

Eling-eling wis padha elinga.

20 Perjuangan pepampre neka warna.
Perjuangane rakyat Indonesia merdeka.

"Kangmas Raden Ahmad."

"Dalem."

(Ahmad ora enek kok dalem)(Wo inggih, inggih).

25 "Menika toya kagem unjukan paduka kakang. Neng
endi kangmasku kok ora ana."

(Lha ya yandi).

"Mau ana kene, lha kok ora nana, apa kangmas mau kesuwen ngranti aku njur ditinggal dhisik."

30 (Apa ya mangkono).

"Kangmas Raden Ahmad. Kok ora ana mangsuli. Kangmas, kangmas Raden Ahmad. Nyang endi ya sedulurku iki. Kangmas, menika toya kagem unjukan njenengan dika, sampun angsal lho kakangmas. Kangmas Raden
35 Ahmad. Ki piye ta kok ora ana. Lho! Dudutan apa iki. Mati aku. Aduh kakangmas, kakangmas Raden Ahmad, kenging menapa penjenengan kangmas. Lumahing bumi kinangkepe angkasa, ora ana sing kagungan cindhe

puspita penjenengan duduti baka sak ler mengku pamrih
 40 kados pundi kangmas Ahmad. Kangmas Ahmad, penjenen-
 gan tindak pundi kangmas. Ya Allah gusti, kula nyuwun
 pepadhang, kawula nyuwun pitedah, kangmas kawula
 dhateng pundi. Cindhe puspita kaduduti mbaka sak ler
 kersaning sederek kawula kados pundi ya Allah, kula
 45 nyuwun pitudhuh saking ngarsa paduka gusti. Apa iya
 sekira kangmasku iki digondhol kewan, yen aku trisna
 karo kangmasku, sing dikersake kangmas kuduning aku
 nurut dudutan cindhe puspita ngono apa kepriye."

(Lha iya, apa ya mangkono).

50 "Ah kira-kira ya kok ngono ya."

(Ya).

"Matur nuwun Gusti, matur nuwun Gusti, mbokme-
 nawi kados mekaten ingkang dipun dikersakaaken sede-
 rek kawula, kawula penjenengan paringi ginugah raos-
 55 ing penggalih kawula timbul panyakra bawa kawula, yen
 kangmas kawula tamtu dipun gondhol sato kewan. O o
 cindhe puspita, aja meneh kok menyang pucuke gunung
 ireng-ireng, lha mbok ta mlebu nyang leng-lengan
 semut ibarate, waton aku sik bisa maspadakake slira-
 60 mu, aku bakal nurut cindhe puspita iki. tak enggale
 anggonku lumaksana."

(Janturan):

Boneka cantik bajunya kuning.

Boleh dilirik tak boleh digendhing.

Boneka cantik bajunya biru.

65 Boleh dilirik tak boleh diganggu.

Sluku-sluku bathok, bathoke ela-alo.

Si rama menyang Solo.

Leh-olehe payung mutha.

Mak jenthit thit lok elok bang.

70 Wong mati ora obah.

Yen obah mlebu sarung.

"Sik ta iki apa, nek obah mlebu sarung, anggiti-
 mu golonganane apa."

(Iki musime adem-adem).

75 "E, iki kok wis ra mangan padha blas."

(Janturan):

Sluku-sluku bathok, bathoke ela-alo.

Si rama menyang Solo, leh-olehe payung mutha.

Mak jenthit thit lok elok ba, wong mati ora obah.

Yen obah ngedeni bocah, yen urip goleko duwit.

80 Ayo cemong omahe nggalek.
Adol omong kok ora entek-entek.
Cemong omahe Tulungagung, cemong omahe Tulungagung.
Adol omong karo nabuh kentrung.

Rokoke retjo pentung, weton pabrik Tulungagung.
85 Yen ngrokok aja bingung.
Miliha cap retjo pentung.
Sapa ya sing durung ngrokok retja pentung.
Yen durung menyanga warung.
Mundut rokok retjo pentung.

X

BABAK KESEMBILAN

(Kandha):

Tan kocapo (Lha ya). Raden Muhammad prakta samudra, Raden Muhammad prakta samudra. Prakta samudra cindhe puspita nora nana. Peteng jagade, ribet penggalihe Muhammad kula carita. Ambyur wontening
 5 samudra kagulung alun segara, Raden Muhammad wonten tengahing samudra saya minggir, Muhammad kagulung alun segara sampun mboten enget menapa-menapa tumang-sang wonten nggisik samudra. (Lha ya ngglethak njebabah jumantala, depanti siti bantala). Siti lemah,
 10 bantala padhas. (Yoh). Raden Muhammad gumlenter wonten gisik samudra, mangka nggisik samudra papan ingkang kadunungan Raden Muhammad menika sampun wilayah dhateng negeri Bagdad. Wonten praja Bagdad wonten raja rajaning putri. Wonten pradusunan nggih
 15 menika ta pradusunan menika wilayah ing ta Bagdad, wonten randha ingkang utomo, asmane Nyai Randha Sakeh. Nduwe anak wedok prawan desa ayuning prasaja Siti asmane. Alon randha sakeh nimbali Siti. "Ora isa dadi Siti, we engko bar ra tak bayari." (Lha mbok
 20 iya).

"Putraku ngger Siti."

"Dalem kanjeng ibu."

(Beh lek kuemayu).

"Bocah prawan jajal mreng mrene maju, Ibu tak kandha-
 25 ni, Siti."

"Dalem."

"Bocah prawan remaja putri kaya sliramu ki nek cara kuna kuwi prawan dagangan."

"Inggih kados pundi ta kanjeng Ibu."

30 "Diarani prawan dagangan wong tua duwe anak prawan kaya sliramu ki ora gampang. Dadi wong tua diibaratake kendhi kothong ya kecangking, kebak ya kegawa. Nek anak prawan tindake becik, wong tua katut apik. anak prawan tindake ala wong tua katut ala.
 35 Kowe tak kandhani, dadi prawan sirikane bocah prawan kudu dinggoni lho ya."

"Inggih kados ta pundi, mangga kula aturi paringi pangertosan dhateng putra kanjeng ibu."

40 "We iki wedok tenan jan ngenteki rejat lho manungsa iki."

"Bocah prawan nek tangi aja sok kedhikian surya, bangkong jam sanga ke ujure ala. Dadi prawan nek tangi kudu jam lima, syarate metu njaba, iki tradisi

kuna, ngebutna kemulmu ping telu tanpa ambekan. Tenan
45 lho ndhuk gelem tangi jam lima, metu njaba, ngebutna
kemule ping telu tanpa ambekan kuwi ki ila-ilahe isa
ngedohke bilahine, nyepakke rejekine, nggampangke
bakale bojone tak kandhani."

"O inggih kanjeng ibu setia tuhu badhe kawula
50 lampahi."

"Tenan lho, bocah prawan kuwi yen dibiuh tenan
wedok sejati tenan tak kandhani. Lha mbok kaya tung-
gak diudheng-udhengi ngono biyuh tenan akeh wong
lanang pada keki. Bocah prawan tangi turu nyandhak
55 sapu, diresiki jogan latare, dikebaki genthong ken-
dhine, san gae mbantu wong tuane masak kewajibane.
Tenan lho Siti, bocah prawan pinter leh macak nanging
yen gak isa masak mbesuk digething maratua lho Siti."

"O mekaten kanjeng Ibu, kula sampun pinter masak
60 niku."

"Lha mulane kowe tak kandhani. Bocah prawan ki
nek arep adang aja kesusu cethik geni, dhisik diklum-
pukke bumbone, bumbone urung mlumpuk, prawane cethik
geni, geni murup dandang ngadeg ditinggal wira-wiri
65 nglumpukke bumbone kuwi mau dandange ngadeg mau
ditendhang bethara kala. dandange rubuh, bethara kala
lunga sing adang ditinggali lara. Ora kepati mari nek
ora diruwat dalang purwa sejati."

"O mekaten kanjeng ibu."

70 "He eh."

"Inggih."

"Dadi prawan kuwi nek adang aja suka' ditinggal
wira-wiri. Aja gae bentuk kaya prawan saiki, budhal
adang enek bel mak kring mlayu menyanyi karo goleki.
75 Ngono ki ora kenek ngono ya."

"O mboten kepareng mekaten."

"Ning dudu prawan Morangan kene, prawan
Bangoan."

"O mboten prawan Patik mrika."

80 "Oh prawan Patik mandhuk ayu-ayu iye."

"O prawan dhor nggih inggih."

"Yen wis mateng leh adang, sega panas ki aja
didhahar, sega panas ki nek dipangan nyang pikiran
nggrangsang nyepakke ngalu awang. Neng pikiran
85 nggrendo nyongsong-nyongsong. kalo contone priyayi
kuna, padha pinaringan pinanjang yuswa. Sebab ki
dhahar kantenan, nek ora adem ora kersa. Aja kaya
tukang terbang, sega dientas ndang lerne lho ngono ki
lek radhem ora krasa. Wi jenenge suka ra kantenan,
90 ngono kuwi ya ta."

(Iki diterusna pa ra).

"He eh."

- (Aku mulih lho lek diterusne).
 "Lho aja ngono."
 95 (Walah ngge elek-elekan wong nerbange. Wis aku mulih ngko).
 "Isik nyatane ya pa ra? Ora ya wis ta, ngonoe kok ngejak."
 (Ora kanjeng ibu).
 100 "Ora ya ora apa-apa. Ngono dadak nantang perang lho made ki."
 "Siti."
 "Dalem."
 "Heh lek kemayu jan. Aku tenan sing ra tak
 105 kuati. Leh dalem ngono kuwi lho."
 "Bocah prawan lek sore metu njobo, sing akeh-akeh padha kalap darat digondhol candi ala, ngerti apa durung candhi ala, kok ngguya-ngguyu."
 "Dereng mangertosi kanjeng ibu."
 110 "Tenan lho prawan sore metu njobo, wong kalap darat digondhol karo batara kala. Tunggale kaya tukang terbang dhengah nggono kuwi."
 "Nggih nyaosa masalah ngaten kula ndherek mawon betara kalane niku kados ta pundi kanjeng ibu."
 115 "Bocah prawan nek sore mlebu nyang griya, nyumeti dimar, gelari klasa. Dimar padhang klasa ketara, prawane wajib nendra. dadi prawan nek sore aja dhumen manjer dimar, ial-ilane diinceng joko ka tengah latar, leh turu ketok nglekar. Bocah prawan
 120 nek lampu, nek turu lampune dipateni. Sokor nurun kaya prawane dalange, kesempatan nek enek joko nusul wong tuane ora ngerti."
 "lha ya terus grudag-grudug ngaten ta kanjeng ibu."
 125 "Embuh aku ora ngerti o'e. Mula, mula Siti, iki pituturing ibu ya nak ya. sing apik ayo digawe, sing ala didandani piye kang dadi prayogane. Ayo kana golek banyu nyang segara, dikebaki genthong kendhine, mengkono Siti."
 130 "Inggih kanjeng ibu, inggih."
 "Budal sing ati-ati lho ya."
 "Inggih."
- (Janturan):
 Kendal kaline wungu.
 Ajar guna karo aku.
 135 Iwak lele mati digepuk.
 Kebo bongkang welasane.

Suwi ora pethuk.
 Ati saya remuk.
 Pethuk pisan swarane.
 140 E yae yae, e yae, yae yae yae yae.

Jangkrik genggong.
 Jangkrik genggong.
 Luwih becik omong kosong.

Semarang kaline banjir.
 145 Jok sumelang yen ra dipikir.
 Jangkrik upas saka tangga.
 Melumpata na tengah jogan.

Wis watake pria.
 Jare ngaku setya.
 150 Jebul tindak suwelengan.
 E yae yae, e yae, yae yae yae yae.

Jangkrik genggong.
 Jangkrik genggong.
 Wani nglirik sepi uwong.

155 Uwis ngetan bali ngulon.
 Tiwas edan nora kelakon.
 Nek ngrujak ngrujako nanas.
 Aja ditambahi kweni.

Kene tiwas nggagas.
 160 Awak adem panas.
 Jebul ana sing nduweni.
 E yae yae, e yae, yae yae yae yae.

Jangkrik genggong.
 Jangkrik genggong.
 165 Sampun cekap mangsa gara.

(Kandha):

Siti golek banyu ana segara. Priksa Raden Muham-
 mad gumlenter wonten gisik samudra. cengkelak bali
 banjur matur ibuning randha.

"Siti."
 170 "Dalem kanjeng ibu."
 "Banyune endi, kok mlayu-mlayu kowe weruh apa."
 "Lha menika wonten sawer ageng sanget lha kan-
 jeng ibu."
 "He, we ki kok kurang ajar. Wong enek ula kok
 175 gedhe, temenan apa kepriye."

- "Nggih wonten sawer teng ngrika."
 "Jajal, jajal tak delenge sing endi ulane, sing endi Siti."
 "Lha mrika lho wonten etan nika lho."
 180 "Lho lho lho lho la we ki kok kandha sembrana la wong iki manungsa ngene lho Siti."
 "Wo, kula kinten kala wau sawer ta kanjeng ibu."
 "Mengsaake nak, ana satria bagus pideksa lho kok gumletar ana gisik segara. Weh sajake pawongan iki
 185 sik kena diusadani. Ya ta Siti digawa bali, mbokmena-wa yen iki sik waluya. Tulung marang sesama ora neng ilange ya Siti ya."
 "Inggih. prayoginipun kados ta pundi. Mangga kanjeng ibu kula atri maringi pitulungan dhateng
 190 menika kanjeng ibu."
 "Ditulungi, mesakake. Ayo digawa bali ya nak."
 "Inggih mangga, mangga."

(Janturan):

- Lho Raden Muhammad kula carita.
 Digawa bali ana desane luh randha.
 195 Kawusadane Randha Sakeh asma nira.
 Abang cahyane pulih kaya wingi uni.
 Bisa waluya tumekaning kait.

- Kali mati tak jajakana.
 Yen jerune watesing dhadha.
 200 Pedhoting tresna ketok nyang mata.

(Kandha)

- Raden Muhammad waluya tumahing jati, pulih kaya wingi uni. Ngadhepi Siti marang Randha Sakeh, alon Raden Muhammad kula carita.
- "Satria bagus. Kaget rasaning atimu, kowe ngadhepi ana ngarsaku. Kene celak ya cekat kanjeng bibimu aku ya pria bagus."
 205 "O wanita."
 "Nuwun inggih kisanak."
 "Sapa jeneng sira kok tumekaning kene ki neng
 210 daerah ngendi mangkono wanita."
 "Menika wilayah Bagdad, kula putrane kanjeng ibu randha Sakeh, nami kula Siti kok."
 "O dados penjenengan paringan asma Siti."
 "Inggih penjenengan niku sinten ta asmane."
 215 "Yen ta sliramu pengen mangerteni marang aku. Aku Raden Muhammad mangkono."
 "Raden Muhammad."
 "Ya ya."

- 220 "lha kok penjenengan wonten segara sekawit
penjenengan menika keli ta nyangsang wonten gisik
samudra. Lajeng kula tulungi kalih ibu kula beta
wangsul ngriki. Penjenengan dipun usadani kalih ibu
antuk pitulunganing Gusti. Penjenengan saget waluya
kisanak Raden Muhammad."
- 225 "O dadi mangkono."
"Nuwun inggih."
"Mongko yen ta aku gae tumekaning pati parandene
tumekaning kene iki malah dadi kok tulungi mangkono."
"O penjenengan niku golek dalane pati ya."
- 230 "Iya mangkono."
"Wah mboten sae, wong mati niku gandheng kalih
pesthi lha kok milik mati. Yen ta penjenengan sakestu
kasembadan pralaya. Tiang pejah wonten njoboning
papesthen nika kirang prayoga lho kisanak."
- 235 "Dadi yen ta aku iki maeng sing nulungi sliramu
kari bibi mangkono."
"Inggih."
"Ya ya matus suwun."
"ya aku ngger sing nulungi sliramu Raden Muham-
240 mad."
- "O inggih matur gunge panuwun bibi."
"Muhammad."
"Dalem."
"Jane kowe ki bocah ngendi ta."
- 245 "Dados paduka kala wau ndangu dhateng kawula
mekaten."
"Iya."
"Kula saking negara Ngesam."
"Inggih."
- 250 "Wis, wis Muhammad. Aku ngerti kowe golek dalane
pati ning nyatane saiki prapta paapn kene wis ora
usah bali. ya wis saiki ngene wae, sarehne aku nduwe
anak prawan Siti, upamane Muhammad ki tak dhaupake
karo Siti ngono kira-kira apa gelem ta Muhammad."
- 255 "Matur gungeng panuwun kanjeng bibi, yen ta kula
kala wau purun-purun kemawon, naging putra penjeneng-
an napa sakinten purun dhateng kawula."
"Ya njajal tak tarine. Coba rungokno tak tarine
ya."
- 260 "Inggih."
"Siti."
"Dalem kanjeng ibu."
"Wis saiki ora tak pindho meneh dekno sliramu ya
wis krungu dhewe. Upamane awakmu tak dhaupake karo
265 Muhamaamd ki gelem apa ora."
"Mbok nggih sampun dipun tari. Pokoke kanjeng
ibu purun, kula nggih ndherek."

"Weh nek ngono kowe ya gelem."

"Inggih."

270 "Ya nek kaya mangkono nandur gedhang nek mati disulami. Bakal dhaupake putra pamrih dadi kaki nini lan mintuna. Digolekke dina sing prayoga mangkono. Ayo padha ditentremake teka dina sing becik, tak dhaupake ya nak ya."

275 "Inggih kanjeng ibu."

(Janturan):

Suwe nora jamu.

Jamu godhonge tela.

Wis suwe nora ketemu.

Ketemu pisan nyang ati gela.

280 Suwe nora jamu.

Jamu godhonge meniran.

Wis suwe nora ketemu.

Ketemu pisan dadi pikiran.

Muhammad kula carita.

285 Wonten dusun kaya ngana.

Desaning randha Sakeh ika.

Sareng wonten Muhammad kang nyata.

Suwe nora jamu.

Jamu godhonge tela.

290 Wis suwe nora ketemu.

Ketemu pisan seje sing digawa.

XI

BABAK KESEPULUH

(Kandha):

Tan kocapo. Raden Muhammad wonten pradosunan wilayah ing Bagdad. Sareng dusun ingkang kadunungan Muhammad pinanggenan Raden Muhammad kaya-kaya kinacek desa liya-liyane. Pancen Muhammad ora cukup bagus
5 pasuryane, nanging budi pakartine marang sesamane. Ngenengake kerukunan, ngenengake manambah marang Gusti. Ngerti yen Muhammad titah kang iman saged ngimanaken budi pakartining, Muhammad wonten ing
10 pradosun kosi tumus wonten ing pasowanan agung kera-jaan Bagdad, wonten ngarsaning sang Raja Putri. Alon Raja Putri nimbali patih Tanda Negara.

"Kakang patih Tanda Negara."

"Dalem gusti ayu."

"Akeh narapraja kang aturake, pradosun lor kulon
15 sing ana ngarsaning randha Sakeh, sing pegaweane setor kembang kangge nyuceni pusaka wasiat. Jare iku kagungan putra asmaning Muhammad. Desa kana kuwi maju pembangunaning, setia tuhu karukunane, luh jinawi, sebab antuk budi pakartining Muhammad. Warta sing tak
20 tanpa kaya mangkana kuwi apa temenan ta kakang patih."

"Inggih leres kusumaning ayu dewi."

"Yen ta kaya mangkana aku mbutuhake pria sing gedhe darma baktine menyang panguasan. Mbok moro
25 ditimbali Muhammad kuwi supaya sowan mreng. Kaya pa asmane Raden Muhammad kuwi mangkono."

"Dados kapareng dalem menika nimbali kang Raden Muhammad mekaten."

"Kaya ngono iya kakang patih."

30 "Inggih mangga."

(Kandha):

Mondro Patih Tanda Negara arsa nimbali Raden Muhammad. Saka becik budi pakartine nggone ngabdi menyang panguasane. Sareng pradosun papan menika dunungan Muhammad maju pembangunaning, setia tuhu
35 karukunane, mula Muhammad katimbangan wonten kraton mlaju cinandra lir lumbung desa tumindake.

XII

BABAK KESEBELAS

(Janturan):

Lumbang desa, petani padha makarya.
 Ayo dhi, njupuk pari nata lesung.
 Nyandhuk alu ayo yu.
 Bareng macul, yen wis rampung.
 5 Mulih adang ayo kang.
 Dha tumandang nata beras, alu, lumpang.

(Kandha):

Kacarita Muhammad kasrawuhan patih Tanda Negara.

"Garwaning pun kakang Siti yayi."

"Kula kakangmas Raden Muhammad."

10 "Pun kakang karawuhan Patih Tanda Negara. Dina
 saiki pun kakang nompo tetimbangan ana kraton Bagdad
 sowan gusti ayu Raja Putri, Siti. Ora kepenak rasan-
 ing atiku pun kakang Muhammad bakal sowan Raja Putri,
 garwaku kerio. Iki lha yayi rikala jaman semono, aku
 15 ndherekake kangmasku. kangmasku ngelak aku katus
 golek banyu. Aku pinaringan kacu sutra dewangga.
 Bareng aku wis antuk banyu, tekaning seprene kangmas-
 ku nora nana. Siti, kacu sutra dewangga iki tak
 paringiake jeneng sira, kangge tandha garwaning
 20 Muhammad. Aku bakal menyang kraton Bagdad sowan ana
 ngarsaning Raja Putri mangkono."

"Inkang ngatos-ngatos kula ndherekaken sugeng
 tindak kakangmas."

"Iyoh pangestumu tak jaluk mengkono."

XIII

BABAK KEDUABELAS

(Kandha):

Tan kocapo (Yoh). Raden Muhammad sowan wonten ngarsaning sang Raja Putri. Prapta satunggaling binatu rata, sowan ngapurancang asta, nglangkunge jangga, midhengetke karna. Alon Raja Putri kasowanan
5 Raden Muhammad ingkang kula carita.

(Janturan):

Kayu jati lho kayu maoni.
Tak gawe meja lho tak gawe kursi.
Tekan ngendi bakal tak ugemi.
Kanggo mbela ibu pertiwi.
10 Laya elo lae lo lah.

kacarita ra kaya mangkana.
Muhammad kene sira majua.
Gusti ayu sungkem matur ngarsa.
Kene Muhammad banget tak tampa.

15 Awar-awar godhonge jati.
Godhong kluwih tak iris raat.
Sapa tawar rasaning ati.
Yen digawa sak mata-mata.

Kembang-kembange jambe.
20 Mayang mekar winanci sore.
Tukang gendhang iki juragane.
Panjak nerbang kuwi buruhe.
(Lha ya iku lek buruhe)(Lho buruhe apa duduk kira-kira).
25 Sampun prapta pisowanan agung alon kula carita (Yoh).

"Tak waspadaake iki kaya Raden Muhammad."

"Inggih dalem gusti ayu."

"Raden Muhammad."

"Dalem."

30 "Sliramu ta sing dadi kaguming para narapraja ing ta Bagdad."

"Kagum kados ta pundi gusti ayu."

"Desa papan panggonanmu kuwi bareng ana asmane Raden Muhammad pinunjul temenan kerukunane, pem-
35 bangunane, keimanane. Papan kana durung ana sliramu Muhammad durung ana salah suwijining pawongan kang manambah Gusti. Aku percaya nek Raden Muhammad satria kang wicaksana ngabdi menyang panguasane ngisi ka-

- mardhikaning, ya ugi marang bumi kalairane. Yoh
 40 pakaryan kaya ngono kuwi lho Muhammad yen bisa digawe
 selawase Raden Muhammad."
 "Inggih, matur gunge panuwun gusti ayu."
 "Nanging Muhammad, ingsun ratu wajib paring
 ganjaran sapa kawula sing gedhe lelabuhane. Mula
 45 sliramu tak timbali bakal paring ganjaran sliramu
 Raden Muhammad."
 "Inggih."
 "Muhammad."
 "Dalem gusti ayu."
 50 "Sliramu aja kesusu bali. Sliramu bakal tak
 paringi pangkat dadi cundakaning gustimu Raja Putri
 ya Raden Muhammad."
 "Inggih matur sembah nuwun gusti ayu."
 "Muhammad, wis ngerti cundaka kuwi. Abdining
 55 sang Raja Putri sing kinasih Raden Muhammad. Muhammad
 aku takon, jane Muhammad ki utah darah saka negara
 ngendi ta Muhammad."
 "O dados penjenengan menika dangu dateng kawula,
 mekaten gusti ayu."
 60 "Iya Raden Muhammad."
 "Kula menika saking negari Ngesam, deneng bapak
 kawula kala wau."
 "Asmane sapa."
 "Imam Sujana mekaten."
 65 "Sik sik sik sik saka negara Ngesam putra Imam
 Sujana."
 "Inggih."
 "Sakelingku asma Imam Sujana ki narendra Ngesam
 apa ya ratu Ngesam kuwi sudarmamu ta Muhammad."
 70 "Inggih leres gusti ayu."
 "O, o Raden Muhammad, nek ngono ora sisip pa-
 nyakra bawaku nitik asmamu mawa raden. Isih cedhak
 kalih parang sira tedhaking priyagung luhur. Muhammad
 winasis ndhawuhake putra-putri yen mundhut garwa
 75 kuwi, raseksa-raseksi, dewa-dewi. Nek mestine Muham-
 mad ki putra-putraning raja, mundhut garwa lak ya
 putri-putrining raja. Lha kok prawan saka ndesa, anak
 randha, apa ya cumbuh karo pinarakane sudarmamu ta
 Muhammad."
 80 "Nuwun sewu gusti ayu sinaosa masalah Siti kala
 wau garwa kula saking parang padusunan mekaten kula
 sampun remen sanget. Mboten wonten kajaba ayuning
 wanita kados ta garwa kula ingakang paringan asma
 Siti gusti."
 85 "E, e, dadi kaya ngono kuwi nanging Muhammad
 ngene ki upana ana salah sawijining pawongan kuwi
 putri cumbuh pinarake sudarmamu prabu Imam Sujana

- milik suwita sliramu kowe gelem ninggalake bojomu,
nampa wanita sing tak aturake iki?"
- 90 "Mboten gusti ayu."
"Muhammad, ya wis ora upama rikala sliramu
ngadhep ana pasowanan agung. Aku mriksani pasuryanmu
banget aku kepranan Muhammad. Becik ayo Siti kuwi
luwung guwangan wae. Kowe gelem nyelehake Siti urip
95 mbau ndhendha manyakra wati marang aku. Apa kowe
nampa karo suwitanku Raden Muhammad."
"Oh gusti matur suwun tanpa upami."
"Gelem kowe karo aku."
"Deneng kawula kala wau lare saking parang
100 padusunan penjenengan nika wau sampun nggadahi
masalah wigatos kados ta mekaten. Yen ta mekaten
mangke menawi dipun prisani para punggawa napa mboten
ndadosaken lingsem paduka mekaten gusti."
"Ya amrih ora dipriksani ya ora didudoh-dudoh-
105 ake. Kepriye gelem karo aku apa ora."
"Mboten, kawula mboten mendhet garwa kajawi
garwa kula Siti kala wau."
"Jajal ta madhepa mreng sawangen, garwamu karo
aku ki kira-kira ayu ngendi Muhammad."
110 "Ah ayu garwa kula, Gusti."
"Wah nek ngono sliramu ki ya kliru nehmu maspa-
dakake. Aku raja sugih bandha kelawan donya lha Raden
Muhammad. Gelem apa ora Muhammad."
"Mboten gusti ayu."
115 "Muhammad, aku gawe becik bisa, gawe ala bisa.
Ora gelem karo aku, tak untapake para wadya punggawa
kelakon kowe tumekaning pati lha Raden Muhammad."

(Janturan):

- Lho Raja Putri kersane kepriye.
Kepranan Muhammad ra nampa lho suwitane.
120 Muhammad kaaturake para punggawne.
Supaya kapidono Muhammad kae.

- Menyang kali kok ngalor-ngalor.
Arep bali nora ana kancane.
Aku ngene mung trima wae.
125 Waton eling marang kawajibane.

Raden Muhammad sekti lan mandraguna.
Paprangan prajurit kasoran sedaya.
Raja Putri kang ngadhep lho enten ngarsa.
Murang tata Muhammad lho jeneng sira.

130 Sore-sore mlaku nyang kutha.
Tuku tomat digawe lalapan.
Wong wajibe urip na donya.
Kudu sambat lan sinambatan.

(Kandha):

Tan kocapo (Lha ya). Raden Muhammad tandhing
135 yudha prajurit ing ta Bagdad. Parandene narapraja
Bagdad kalindhih yudho mundur narapraja. Raja Putri
tandhing marang Muhammad.

"Raden Muhammad."

"Raja Putri, saya kebangeten kanengaya jebul
140 sliramu, nimbali Raden Muhammad kang pamrihe supaya
aku ninggalake garwaku sliramu tak pundhut garwa. O.
o sang Raja Putri aja kebangeten kaningaya sliramu.
Sliramu iku narendra, adat tepat pituladha narendra
kena kangge kaca benggala marang nara praja. Nanging
145 nek sliramu tumindak kang kaya mengkono, wajib Muham-
mad bakal mbrasta sipat kang angkara mangkono."

"Raden Muhammad, aja kakeyan bicara pulih slira-
mu bagus ora melu nduwe, lebih becik tekaning pati.
Golek papan sing jembar, aku apa aku sing mati."

150 "Ayo tak tandhingi Raden Muhammad."

(Janturan):

Etan kali kulon kali.
Arep nyabrang gak ana uwote.
Etan gati kulon ya gati.
Yen tak timbang padha abote.

(Kandha):

155 Tan kocapo. Sih menika ing ta Raja Putri tan-
dhing marang Muhammad. Cara menang durung karuan,
cara kalah durung kepara. Nengah-nengahi perang pupuh
brata yudha kasusul garwaning Muhammad. Siti saking
menika pradusunan. Ngasta kacu sutra dewangga, ngerti
160 yen Muhammad tandhing Raja Putri, Siti garwaning
Muhammad trengginas trampil miyak paperangeng Muham-
mad marang Raja Putri. Raja Putri kesabet kacu sutra
dewangga kalian garwane Muhammad Siti. Ndhepani siti
bantala lumpuh mboten saged rumaksana.

165 "Muhammad, aku patenana Raden Muhammad. Sapa
wanita iku Raden Muhammad. Aku kesabet wasiating kaya
ilang bahyuku. Muhammad aku patenana."

"Kangmas Raden Muhammad, kula Siti."

"Dalem garwanipun kakang."

170 "Kula garwa penjenengan kakangmas."

"O dadi kok keraya-roya mangkene ana ngapa garwanipun kakang, Siti."

"Mangke ta kangmas kula badhe nyuwun pirsane."

"Iya."

175 "Penjenengan katimbangan dhateng keraton kok lajeng nuwuhaken banda wala, ati kula wonten desa mboten penak, kula nyusul paduka lha kok penjenengan paperangan. Rahayuning Raja Putri kula sabet kacu sutra dewangga, ical bahyunipun mboten kagungan daya, 180 menika ratu gusti penjenengan kok lajeng nuwuhake paperangan niki pekarane napa ta kangmas."

"Yen perlu kuwi patenana pisan mengkana garwanipun kakang Siti."

185 "Mangke ta kriyen pun kesusu dipateni. Dipateni nggih dipateni ning kula milik nyuwun mangertosi napa niku dosa keluputane."

"Dadi sliramu pengen mangertosi masalah iku mau Siti."

"Inggih kangmas."

190 "Marga ngantek aku kaya mangkene iku mau, karepe gusti ayu supaya aku mundhut garwa marang slirane."

"Wo dadi piyambakipun milik penjenengan pundhut garwa."

"Iyo mangkono garwanipun kakang."

195 "Lha wong ngoten mawon kok direwangi paperangan, lak nggih ngisin-ngisinake. Pekawise namung milik penjenengan pundhut garwa, mbok inggih sampunta kangmas. Mapan penjenengan kersa mundhut garwa lak nggih mboten timbul pasulayan ta kakangmas."

200 "Lho garwanipun kakang Siti, yen aku kan wis nduwe garwa marang sliramu. Kok kudune aku mundhut garwa marang gusti ayu, kepriye garwanipun kakang, Siti."

205 "Kangmas Muhammad, nuwun sewu, penjenengan kakung, nek lak sanes wanita. Sok sintena wanita ingkang sampun ketaman turidasmara, wah menika yen mboten kaleksanan wantun lho ngorbakke nyawa. Mesasaken kangmas, saeba kados menapa yen mboten kaleksanan dados garwa penjenengan karoh kalih Raja Putri 210 menika kakangmas."

"Lho garwane Siti, yen ta aku mundhut garwa marang gusti ayu apa aku sekira ora ndadekke marang gerah penggalihmu mengkana garwaku Siti."

215 "Mboten-mboten sampun kula penggalihaken sinten nugrahing Gusti, nggih sok wontene jare dimaru ki laire apik dadine gembol mothek, nek keleno wong lanang akhire berik, ning lak sanes Siti. Gusti maha pirsane, gesang penjenengan kalih kula wonten desa sinten ta badhe peparangan, Gusti antuk nugraha

- 220 lantaraning penjenengan mundhut garwa Raja Putri.
Wong kula dipun karuh nggih kersa, mbokmenawi niki
dadi sarananing mulyane penjenengan kalih kula lak
nggih mboten ngerti ta kakangmas."
"O dadi kuduning aku mundhut garwa sakaroning
225 iki."
"Lha yak nggih kados ngaten."
"Tak kira ana apa sliramu menehi mengkana."
"Pun ta kula niki lega lila. Nanging nggih kula
nduwe janji lho kangmas."
230 "Janjine kepriye coba."
"Nggih lek mungguhing panguasa ngriku, raja
menika ratu, kula kawula. Neng nek mungguhing bebra-
yan ngriku garwa enom, kula garwa tua. Nggih kedah
piyambakipun saged mangertosi dateng jiwa raga kula
235 kakangmas."
"O mengkono garwanipun kakang Siti, coba yen
ngono diprayogakne tak timbalane ngono."
"Inggih mangga penjenengan paringi dhawuh ka-
kangmas."
240 "Gusti ayu Siti."
"Raden Muhammad."
"Tak kira sakabehe wis mangerteni."
"Wis aku patenana Raden Muhammad. Muhammad aku
wis midhangetake apa kang dadi ngendikane garwamu
245 Siti, banjur sing kuduning aku kepriye Raden Muham-
mad."
"Kusumaning ayu, aku ya gelem mundhut garwa
marang sliramu. Nanging aku nduwe janji."
"Janji apa."
250 "Janjine marang garwaku. Yen ta mungguhe tata-
ning ratu, kudu garwaku Siti taat setia tuhu marang
pituturmu. Nanging yen ta mungguhe wong bebrayan kudu
sliramu mengalah mengkono. Apa sekira gelem
mengkono."
255 "O o Raden Muhammad dadi sliramu gelem mundhut
garwa marang aku."
"Yoh."
"Ning sliramu ndarbening panyuwun mungguhing
bebrayan, aku garwa kang anom ora kena sak bakal
260 karoh karo garwamu kuwi ta Muhammad."
"Iya wong ayu."
"O o Muhammad mbok wingi-wingenane dhawuh ngono.
Aja maneh kok kokwayuh loro, waton aku kok kersaake,
kok wayuh wolu aku ya gelem kok Muhammad."
265 "O mangkono ya, iya, ya."
"Kados ngaten menika lho kakangmas. Apa mboten
mesakaken wanita niku nek kadhung trisna. Ja maneh
kok digarwa loro, wong diwayuh wolu mawon purun. Lho

- lak nggih nekad ta."
- 270 "Tak kira lak ya kaya marmut mangkono."
"Kangmas napa mboten mesakaken, kaya ngono kuwi lho lek kadhung trisna, kok penjenengan ra mesakke. Lajeng kados pundi penjenengan kok lajeng wah bareng nduwe garwa loro sajake kok njenengan mendel mawon ta kakangmas."
- 275 "Saya tak pikir saya tak rasa. Garwanipun kakang sakloron."
"Kados pundi."
"Mangka yen ta aku mundhut garwa loro aku kok
- 280 durung makarya, terus kepriye mangkono garwanipun kakang."
"Wo mekaten, penjenengan menika mbok jenenge mundhut garwa loro ki kudune sembada. Lha wong makarya durung kok garwane loro. Niki sing apik rabi loro
- 285 didhisikake, pekara nyambut gawe dina mburi dipikir ngaten lho kakangmas."
"He he he."
"Penjenengan ngono kados pundi kok nggujeng."
"Dadi garwanipun kakang memang ya setia tuhu,
- 290 sekira sekabahane masalah kuwi apa ya padha narima mangkono garwanipun kakang."
"Lha kok kula nerimahke mawon, nggih kantung garwa penjenengan ingkang anem niku pripun."
"Sampun sampun kakangmas Raden Muhammad. Penjenengan sampun alit panggalih. Sinaoso penjenengan
- 295 dereng makarya, naging kawula penjenengan ingkang anem lak sampuning kagungan panguasa gesang mbau dhendha manyokrowati. Sampun lenggahing kang sekeca, sedaya manopo kabetahan penjenengan, kawula garwa
- 300 ingkang anem ingkang badhe nyekapi kakangmas."
"O dadi mangkono garwanipun kakang."
"Nanging kados ngaten menika lho kakangmas penjenengan ki dipenakake mbok nggih enggih sajake kok panggah ngersula wae."
- 305 "Lha aku wong lanang jare pun kakang. Yen ta aku durung makarya kepriye anggonku leladi mangkono."
"Sampun sampun kangmas, ngaten niki lho wonten ratu ngedekne sayembara kangmas."
"Daerah pundi ngono."
- 310 "Niku daerah Mesir. Ratune niku lak mudha, nembe wisudha dados ratu. Ning menika patihe sampun seda. Dipun entenaken sayembara sinten ingkang saged ngalakakake raja muda Mesir badhe dipun paringi pangkat patih. Sampun kangmas, penjenengan kalih garwa ing-
- 315 kang anem wonten Bagdad ngriki. Kula Siti tak ngleboni sayembara dateng Mesir. Kula jajale ratu Mesir. Mengke nek ratu Mesir pareng kula sing menang mengke

- kula, yen diparingi pangkat patih mengke ingkang minaraki patih, penjenengan kakangmas."
- 320 "O dadi mangkono garwanipun kakang."
 "Sampun, sampun kakangmas Muhammad. Sampun kangmbok Siti garwa sepuh ingkang nglebeti patembaya, kula kemawon Raja Putri, garwa penjenengan ingkang anem, ingkang badhe nandhingi kadigjayaning narendra
- 325 Mesir, yen dipun paringi pangkat patih, mbenjang penjenengan ingkang njumenengi kakangmas."
 "O dadi garwaku sakloron iki apa tak kira takdu ngono wani karo ratu Mesir mangkono."
 "Penjenengan kirang prayogi. Terus niki garwa
- 330 loro kan ngleboni sayembara kabeh."
 "Kudune mangkono garwanipun kakang."
 "Nek kula kalih adhi kula Raja Putri kawon, mangke penjenengan ingkang nandhingi."
 "Aku tak sing maju, mangkono garwanipun kakang."
- 335 "Kangmas penjenengan wonten wingking, garwa kalih ingkang badhe mlebu sayembara."
 "Iya."
 "Ayo yayi prabu, dherekna kakangmbokmu aku Siti."
- 340 "Mangga kakangmbok Siti kula dherekaken."
 "Ayo garwanipun kakang."

XIV

BABAK KETIGA BELAS

(Kandha):

Tan kocapo (Yoh). Raden Muhammad garwa kalih supaya nglebeti patembaya dateng Mesir negarane. Bakal nandhingi kadigdayan Raden Ahmad raja muda narendra Mesir. Malaju gancarane ingkang kawula
5 carita Raden Muhammad ingkang wonten wingking, kados pundi mangke solah bawaning garwane. Malaju gencarane.

(Janturan):

Lho kacarita Muhammad piye critane.
Garwa loro didu perang kaya ngono.
10 Prapta Mesir sumbar batak minta lawan.
Kageting Ahmad raja Mesir lho nyata.

Tuku sandhal dhuwite keru.
Tak baleni kok nora nana.
Aku budhal sliramu sing na mburi.
15 Yen wus kalah pun kakang sumadiya.

Muhammad sejatine nora mangerti.
Raja muda Mesir iku jare sapa.
Kageting Ahmad kadang kang pernah tua.
Ngadepi garwane Muhammad kalih menika.

20 Kediri dipasang lerok.
Yen wus dadi mendah rejane.
Prawan saiki kok mbentrok-mbentrok.
Pilih setitik aku pilih randhane.

(Kandha):

25 Hmm yahene sing digarap kok randha terus, kok nggumun aku. Lha iya jan kemeng aku. Tan kocapo (Yoh). Garwaning Raden Muhammad kalih, ngadhepi wonten Mesir sumbar petak minto lawan. Raden Ahmad raja muda cengkar saking pinarake. Mapakake garwaning kadang Raden Muhammad kalih.

30 "Ana wanita sakembaran sulistya warna sulistya warna. O o wanita mburi ngendi pinangkamu, sapa kang dadi aranmu. Sumbar petak minto lawan ana ing palagan kraton Mesir."

35 "Sang Prabu penjenengan dangu marang aku. Mburi saka negara Mbagdad, aku Raja Putri Mbagdad. Mbokmenawa sing tak ndherekake iki sedulurku tua kakangm-

bokku Siti."

"Raja Putri Mbagdad menyang Mesir mangku wigati apa?"

40 "Apa bener penjenengan ngedekake giri sayembara sang prabu. Sapa kang bisa ngasorake jurit sira bakal penjenengan paringi pangkat patih, bener sang prabu."

"Aku ora tedheng aling-aling pancen nyata."

45 "Aku sing ngleboni sayembara."

"O o wanita. Saya elok banget, wong sliramu kuwi dadi raja kok ngleboni sayembara ming pamrihe bakal golek pangkat patih. Ta umpamane aku kalah, sliramu kang menang, yen tak wenehi patih, la wong ratu ki karo patih katribawaning luhur ratu kok golek patih."

50 "Pancening bener, upamaning sliramu kaline yudha aku kok wenehi pangkat patih. Sejatine aku nggolekake pangkat kakungku kok sang prabu."

"Kakungmu iki nek pancen pria kang wijaksana, aja sliramu kang maju. Ayoh kakungmu dhewe supaya tetandhing marang aku. Adu clompreting kulit, atosing mbalung, ora bakal aku tinggal glanggang colong playu tandhing marang kakungmu."

60 "Mbokmenawa nora susah kakangku, nadyan aku bisa ngentasi karya."

"Aku ora bakal nandhingi. Aku iki pria kok perang karo wanita. nek menang ora kondhang, nek kalah saya wirang."

65 "Nadyan aku wedok, ora wedok ethok-ethok pinunjuling bocah wedok. Kalah karo ratu Mesir aku isin."

"Ora kenek tak eman."

"Mbesuk wani saiki wani."

"Aja siji-siji, loro bareng maju."

"Sing ati-ati sang prabu."

(Janturan):

70 Sore-sore mlaku nyang kutha.
Tuku tomat digawe lalapan.
Aku ngentrung lho mas tasik belajar.
Mbok pilih lepat nyuwun ngapura.

(Kandha):

75 Garwaning Muhammad ingkang anem raja putri.
Tandhing yudha Ahmad kalindhih yudha. Garwaning Muhammad ingkang tua Siti ingkang ngadhup wontening palagan.

"Ayo! Sing dadi raja wae kalah, apa maneh sliramu."

80 "Sang prabu, nadyan ta adhiku wis kalindhih

yudha, nanging sira durung tandhing marang aku, lena pangendhamu kesabet kacu sutra dewangga ra luluh kuanda aja takon dosamu."

(Kandha):

Tan kocapo (Yoh). Siti tandhing marang Raden
85 Ahmad. Perang banting-bantingan, jotos-jinotosan,
lena pangendhane Raden Ahmad kasabet kacu sutra
dewangga lir kadya ketaman pusakaning kiambak. Ambruk
lumpuh wontening palagan kasambataking adhining
Muhammad.

90 "Muhammad yayi, kowe ana ngendi yayi, Muhammad."

(Janturan):

Kali mili kena tak-bendhung.
Yen jerune watese ndhadha.
Pedhoting ati kena disambung.
Pedhoting tresna ketok nyang mata.

95 "Muhammad, Muhammad, yen kowe mati endi kuburmu.
Yen kowe urip endi padunungmu. Aku kewirangan tan-
dhing wanita kaya ketaman pusakaku dhewe."

(Kandha):

Kageting raja putri kelawan Siti nyumuruping
sang Prabu raja Mesir ndhepaning siti bantala ical
100 banyune sing disambataking kakunge. Cengklak bali
Siti marang raja putri mapakake Muhammad kakunge.

"Kangmas Raden Muhammad!"

"Apa garwanipun kakang."

"Wah kula mimpang lho kangmas."

105 "Dadi sliramu menang."

"Ngaten critaning, garwa penjenengan ingkang
anem raja putri tandhing yudha kalih raja Mesir
kalah. Lajeng kula Siti ingkang maju. Kula sabet kacu
sutra dewangga piyambakipun lumpuh ndhepani siti
110 bantala. Kangmas, wong narendra kalah kok nangis ta
kakangmas."

"O dadi narendrane kalah terus menangis, mangko-
no garwaning kakang."

"Inggih."

115 "Nangise kados pundi, ya kepriye coba."

"Wah ingkang dipun sambataken penjenengan lho
kakangmas."

"Lho! sing disambatake dadi aku mangkono garwa-
nipun kakang."

120 "Ngaten kok anggenipun mular: adhiku dhi Muham-

- mad, aku tulungana. Kok ngaten ta kakangmas."
 "Apa sekira tenan garwanipun kakang."
 "Inggih kok kakangmas sakestu. Mangga ta yen
 kirang percados penjenengan pirsani kakangmas."
 125 "Iya, saya tak pikir saya tak rasa garwanipun
 kakang Siti."
 "Inggih."
 "Aku mbiyen rikala semana yen nduwe sedulur."
 "O, penjenengan kagungan sedherek."
 130 "Iya."
 "Asmanipun sinten."
 "Raden Muhammad."
 "Lho, Raden Muhammad niku penjenengan kok kang-
 mas."
 135 "Muhammad, Raden Muhammad ya kuwi."
 "O inggih, inggih, inggih."
 "Nalika semono de'e ngono nggayuh masalah kudu
 aku kon nggolek banyu. Parandene garwanipun kakang
 Siti, aku wis antuk banyu, kangmas ora ana mangkono."
 140 "Kangmas, mbokmenawi menika sedulur penjenengan.
 Sekinten nggih langkung prayogi, wong pasuryane nggih
 mirip penjenengan kok kakangmas."
 "O mangkono garwanipun kakang. yen ngono ayo
 padha disowan rana trupaya tak delenge mangkono."
 145 "Inggih penjenengan pirsani."
 "Muhammad, kowe ana ngendi papan padunungmu
 yayi. Aku nandhang kewirangan Muhammad, Muhammad."

(Kandha):

- Kageting Raden Muhammad nyumurupi kangmase.
 Raden Muhammad nubruk Raden Ahmad gregah tangi waluya
 150 tumahing jati pulih kaya wingi uni. Kageting Raden
 Ahmad.

- "Lha kok sliramu ta Muhammad."
 "Inggih kakangmas dalem."
 "Muhammad sliramu yayi, pun kakang lumpuh ilang
 155 dayaku kaya ketaman pusakaku dhewe. Aku tandhing
 wanita loro sing ana mburimu kuwi. Adhi Muhammad,
 mangka anggonku ngenengake sayembara ngumpulake wahyu
 cucak ijo mancawarna remuhun kanjeng rama prabu Imam
 Sujana ninggal ingon-ingon manuk cucak ijo mancawarna
 160 sapa kang isa dhahar dhodho lan jonggo kelawan sirah
 bisa dadi ratu, dhodho sak ngisor jumeneng patih
 kelawan prajurite, tujuanku aku ngenengake sayembara,
 mbokmenawa nek sing ngleboni Muhammad, patih bisa
 menyang jeneng sira, nanging yayi jebul sing bisa
 165 ngasorake juritku kok wanita sakembaran sing ana
 mburimu kuwu ta dhi."

- "O mekaten kangmas, kula paringi pangertosan sejatosipun wanita sekalian kalawau garwa kawula mekaten kangmas."
- 170 "Dadi garwamu?"
"Inggih."
"Wanita sekaroning iki garwamu sing endi ta yayi."
- 175 "Sedaya menika garwa kawula mekaten kangmas."
"Lho lho lho dadi kowe rabi loro ta Muhammad?"
"Inggih kangmas."
"O o Muhammad, Muhammad. Lha kok kurang ajar men, gek sing kok turun kowe rabi loro ngono ki sapa ta dhi."
- 180 "Sampun, sampun kangmas. sampun dipun penggalih, kawula gesang wonten ing alam donya mung sadherming nglampahi, nanging kenyataane kados mekaten, kados pundi ta kangmas."
"Lha kok kurang ajar sliramu wong sakdulur-
185 dulurmu ra neng sing rabi loro, lha kok sliramu ulang-ulang rabi loro ki piye ta Muhammad. Yayi Raden Muhammad."
"Inggih."
"Sekira bener kang dadi atur sira, kabeh iku
190 garising jodho lan pesthi ora kandhek amung garwa siji, sok adakaning garwa loro bisa antuk nugraha. Timbul wahyu cucak ijo mancawarna, gandheng garwamu tua Siti. Ora liwat yayi, patih Mesir kene sing nindhaki jeneng sira kang jumenengi jeneng sira.
195 garwamu tua nadyan wanita nyataning wani ngadhang ana palagan, tak dadekake prajurit wanita senapatining praja Mesir kene ya yayi."
"Inggih kangmas, nyumanggakaken. Mekaten kangmas."
200 "Lho percados mboten kangmas. Upami penjenengan mboten mundhut garwa kalih, kula mboten dadi senopati lho kakangmas."
"O ya mangkono garwanipun kakang."
"Ayoh padha ditentremake ya yayi."

XV

BABAK KEEMPAT BELAS

(Kandha):

Tan kocapo. (Yoh). Ahmad-Muhammad sampun kinumpul wonten Mesir negarane. Ahmad kadang tua ratuning, Muhammad patihe, Siti prajurite. Cara wong lara nemu penake, pasa minanggih bruwahe. Gempalane cinarita
 5 tunggal kandha seje kakocapake. Mangsuli ingkang wonten Ngesam negarane. Dewi Fatimah saktundhungipun Ahmad-Muhammad katundhung lunga saking Ngesam, bandha donyaning Fatimah kausungi dhateng Mbatak Muntiara dhateng pulo Mengkasar wonten ngarsane sedagar Jaya
 10 Makuda. Fatimah bandhane entek, negara diwengku sedagar Jaya Makuda, Fatimah kalaning sakmenika mboten dipun parengaken dumunung wonten negara Ngesam, kaliyan sedagar Jaya Makuda dipun usir saking praja Ngesam. Fatimah kadharang-dharang panggesang-
 15 ane, mangka nora ngira nora ngimpi sang Maha Prabu Imam Sujana seda, ninggal kraton sak isine, sareng putra katundhung lunga. Sedagar sampun ngusir Fatimah. Fatimah awake kuru, cayane ijo, mripate ngowoh, sandhangane rowak-rowek, klambine sitok sing utuh
 20 karek gulone. (Parandene rambute) Hm (ya geduwelan). Lha ya rikmane gimbal pulutan, bisa maem sakbendina, rina wengi golek jalukan nyang tangga kanan kirine. Esuk nagis sore nangis. Fatimah kula carita mangke.

"Nora nyana nora ngipi, yen aku nduwe panandhang
 25 kaya mangkene, sedagar Jaya Makuda, kowe manungsa sing minger kiblatmu. Jaya makuda kowe manungsa kang kuwalik imanmu. Biyen aku isik ayu, isik enom, isik sugih bandha, isik sugih donya, aku kok tresnani, aku kok gateni. Nyatane saiki putraku loro tak tundhungi
 30 lunga, bandhaku dientekake, Ngesam kawengku dheweke, aku ra diwenangake ana Ngesam, diusir saka negara Ngesam. Oh putraku ngger Ahmad-Muhammad, aku dosa karo kowe ya nak, aku dosa karo kowe Ahmad-Muhammad. sinuwun prabu Imam Sujana, kula penjenengan beto
 35 sinuwun."

"Mbok aja kemayu-kemayu."

"Kowe dijak golek dhuwik kok mendho men, wis ta menenga wong kaya ngono angggitmu. Wong awakmu mek ya ner, ngonoe nek ora maro ya ngajak tukaran ngono lha
 40 dadak. Biyen aku garwa narendra gung binantara. Aku sugih bandha, aku sugih donya, ning giniya saiki bandhaku entek awakku sobek. Bisa mangan golek jalukan menyang tangga kanan kiringku. Oh Fatimah, Fati-

mah nasibmu kok kaya ngene kowe Fatimah."

(Janturan):

45 Lho Dewi Fatimah kula carita.
Tetangisan ana papan tengah marga (Ya).
Aku Fatimah ngger ndang tulungana.

Tuku kayu lak numpak sepur.
Balik ngalor kari balase.

50 Sing ngendhang ayu yen wedhak pupur.
Ilang pupure mung kari kadhase.
(Lho ngono ki lho lara atine).

Kembang luntas lho kembang pelem.
Aku nduwe kadhas tukang terbang nyatane gelem.

55 Kembang cengkeh omonge kembang gedhang.
Sing nerbang waleh tinggalen neng desa Morangan.
(Ya wis tak aku melu ibu siti wae. Lha ya).

"Saya kebangetan kanengaya lelakon iki. Kuduning
aku iki menyang ngendi. O o iya aku krungu kabar
60 krungu warta jare negara Mesir ana ramen-ramenan
gedhen-gedhenan. Jajal aku tak nyang negara Mesir.

XVI

BABAK KELIMA BELAS

(Kandha):

Kacarita Dewi Fatimah. esuk nangis sore nangis. Fatimah kula carita, kesasar dhateng negeri Mesir aran nira. Prakta dalan prapatan alon para kanca ndesa.

5 "He ca kalo ca eneng kere ca, ayo ndelok kere ca."

"Lha ya kana enek kanca padha ndelok kere ca, ayo padha nyatakne ca."

10 "Weh kere ki mbiyen kira-kira enom-enomane uayu banget lho ca ya."

"Ya sekira mangkono ca."

"Oh pawongan, aja banget-banget lehm u daksiya marang aku. Aku kere kereku dhewe. Oh putraku ngger Ahmad-Muhammad, aku dadi geguyonan kaya ngene."

15 "Weh kerene nangis. Wong ki nek kadhung kewes sembarang-barang kalung usus kira. Dadi wong nangis barang kok apik ca ya."

"Ya prayogane ayo ca padha nggawa tegesan diparengne kere ca."

20 "He he he jan tenan wong ki nyatu ala tenan beceke, anggitmu ngene ritak lho pak kamitua budhal nyang Underan. Tegesan dawa aku rak maleh peneran aku, anggitmu. Ora ngerti rasane tegesan, ngerti rasane tegesan nggoleki."

25 "Lha."

"Lha paling enek tegesan."

"Ngantek kinthil-kinthil."

"Lha ya."

(Kandha):

Tan kocapo (Yoh). Dewi Fatimah ngendika ya
30 disoraki. Fatimah mular ya dikeploki. Sinten ingkang kula carita Raden Ahmad nitih kreta joli jumpane jejer prameswari Siti Sari. Inggang ngusiri kretaning Muhammad kadherekake garwa kalih kelawan Siti ngancik dalan prapatan. Priksa menika tangising Dewi Fatimah
35 alon kula carita.

"Putraku ngger Ahmad-Muhammad. Gek kowe enek ngendi apa ora krasa atimu. Ibumu aku kaya ngene Ahmad-Muhammad."

"Yayi Raden Muhammad."

40 "Dalem kangmas."

"Jajal kreta kencana lerekna sak untara. Apa ta dhi sing digrombol-grombol sepirang-pirang iki ta yayi."

"Inggih dalem kirang mangertosi kangmas."

45 "Jajal lerekna dhisik, aku tak melu midhangetake sing digrombol wong sepirang-pirang iki apa yayi."

"Sampun-sampun kangmas, menika kula mireng kabar yen ta grombol-grombol menika suwantene mularipun kere. Mangga kere mboten usah dindheki kangmas, 50 mangga."

"Muhammad aja kaya ngono. Nadyan ta kuwi kere nanging watang srananing adil praja ra mbujung mbau denda manyakra wati kudu tetulung marang ta titah sapa kang nandhang kekurangan. Mula ayoh jajal dimi- 55 dangetake dhisik ya yayi."

"Inggih yen ngaten mangga kangmas."

"Sedagar Jaya makuda kowe manungsa sing kuwalik imanmu, minger kiblatmu, iblis kowe keparat. Aku sik enom sik ayu kok beciki kok gateni. Anakku Ahmad- 60 Muhammad tak tundhung lunga. Saiki bandhaku kok ente kake, Ngesam kok wengku Fatimah kok usir. Oh lelakon kaya mangkene muga disangga Fatimah dhewe. Okeh dina ke aja niru lelakoning Dewi Fatimah. Jebul ora putra, ora wong tua waton bener tumindake, kuwi putra. 65 Nanging nik wong tua luput rasaning dosa karo putra ki kaya ngene ki. Sing dosani ora dumuning marang wong tua nadyan ta wong tua, nadyan yen kliru lelakoning jebul kaya ngene ki kangge patuladhane. Mula mula sing wis ya wis. Aja padha neru lakuning Fati- 70 mah. Ngebotke garwa yen tega karo putra, jebul gedhe tetan siku dhendhane."

"Adhiku yayi Muhammad. Muhammad, Muhammad yayi."

"Dalem kangmas. Dalem, dalem."

"Aku patenana ae Muhammad."

75 "Lho kados to pundi kangmas."

"Aku patenana, pula aku nyumurupi kanjeng ibu panandhange kaya ngono luwung aku mati. Oh kuwi kanjeng ibu Muhammad."

"Pundi kanjeng ibu kangmas."

80 "Sinuwun prabu Imam Sujana. Mugi kaobahmu mbok sik putra kula mbok nggih dipun pinanggihke kalih kula Gusti. Kula nyuwun pinanggih kalih putra kula."

"Muhammad adhiku yayi. Arep malihe bulus putih sedina kaping pitu, kuwi kang ngukir jiwa ragaku, aku 85 tetep bakal sungkem ibu."

(Kandha):

Kacarita Raden Ahmad digandholing Muhammad puguh ora diparengke kangmas mandhap saking kreta.

"Aku aja kok gandholi, aku culna. Aku bakal sungkem ibu Muhammad, Muhammad."

90 "Kangmas, kangmas sampun mandhap. Sampun mandhap rumiyin, sampun mandhap rumiyin kangmas."

"Aku culna."

"Kula aturi rumiyin. Mangga, mangga."

"Aku culna Muhammad, aku culna."

(Kandha):

95 Saka geter penggalihe, Raden Ahmad lali marang kadange, adhi dikipate. Ahmad anjlok saka kreta, ambruk pangkoning Fatimah ibune.

"Ibu kula pepundheh kula kanjeng ibu."

(Janturan):

Etan kali kulon ya kali.

100 Arep nyabrang nora no uwote.

Etan gati kulon gati.

Yen tak timbang-timbang pada abote.

"Kanjeng ibu, uluk salam kula katur kula putra penjenengan ibu."

105 "Oh sinuwun, kula kere sinuwun. Menapa penjenengan mboten gila ambruk dateng pangkone kere sinuwun."

110 "Ibu, penjenengan lali dhateng putra mboten menapa-menapa yen kula waspadaaken ibu menika pinandhang mulya, nanging yen panandhang penjenengan sampun kados mekaten, ten ya ibu enggal nyuwun dhumateng pengaos Allah, engate dhateng putra. Sinten ingkang nulung nasib penjenengan kajawi kula. Ibu, kula aturi ndaken kula putra penjenengan Raden Ahmad

115 kanjeng ibu."

"Oh putraku ngger, putraku ngger Ahamd. Aku patenana wae ya nak ya."

"Sampun, sampun kanjeng ibu. Uluk salam kula atur."

120 "Ya ya ngger wis tak tampa. Adhimu Muhammad endi Raden Ahmad."

"Inggih adhi kawula badhe kula timbali pinarak ibu. Muhammad!"

"Dalem kangmas."

125 "Aku ngerti sepira serika penggalihmu. Si adhi tetep isih wangkot eling kanjeng ibu tega sliramu lan pun kakang. Nanging yayi kudu bisa ngunggahake ngedhokake. kapikir kudu dirasa. Mangka rama kyai biyen wis paring dhawuh. Sliramu lan pun kakang, gumular-

130 ing jagad raya ana song-song tunggul naga. Ngisore

- song-song tunggul naga, loro tambine pucang, telu susuhing angin, papat galihe kakung, lima tapake kuntul mulayang. Sira pawongan agama kudu bisa ngonceki isi cecangkriman. Song-song tunggul naga
- 135 pepayung yen kagrayang dumadining manungsa. Allah Subhanahu wata'alla Gusti kang paring titah manungsa. Urip ana kang paring titah wajib manambah Gusti kang paring titah. Nek panggone ana alam donya kena kawaspadaake netra. Song-song tunggul naga panguasa nega-
- 140 ra. Lungguha menyang agama sing diestoni marang panguasa. Wadak bumbung wong-wang, mertandhaake wadaking manungsa kang ngerti budi pakerti marang iman. Yen ta Islam agamamu kudu tulus lan kebati-
- 145 nanmu. Gumelaring jagad raya menehi ing ta patuladhan sangka pembangunan kuna makunane mbangun omah joklo-joklo, gedhi-gedhi. Saiki mbangun omah cilik cekli, dipasang kaca piye ta migunane nek disawang saka njaba apik nek dileboni becik. Padha karo budi pakertine manungsa nek ngaku apik laire kudu tulus lan
- 150 atine jumbuh. Iki bumbung wong-wong sanepane. Muhammad, ngerti bumbung wong-wang tambine pucang. Tambine pucang iku mertandhakke gegayuhaning manungsa. Diwenehi sipat genep pancaindria jangkep, mapan manungsa ora pegat sangka gegayuhan. sing akeh-akeh manungsa
- 155 gegayuhane sugiha bandha sugiha donya, nanging Muhammad nek sira iku wong agama nyuwuna sugihe donya, donya sing halal, aja mercaya jim setan peri prayangan. Dalil agama sing bakal katrima munggah suargo. Titahe gusti Alah iku amung manungsa sregep setia
- 160 tuhu golek undhake donya. Nanging mercaya jim setan peri prayangan, mbesok papane ana papan penasaran katut jim setan peri prayangan. Nyuwuna sugih donya, donya sing sihfawilahing Gusti Allah kang paring titah. Kasembadan sira makmur piye yayi piwulanging
- 165 rama kyai. Aja lali karo sanak sedulur, tulungana yatim piatu, shodakoh titah kang miskin. Sing dizakat fitrah ki donya kang krana Lillahitangalah kalebu agama Islam iku ngamal jariah. Maka ta dhi, nadyan dipanggoni kentrung iki ya isa munggah suargo, iki
- 170 ngamal jariah."
- "Wo mekaten. Inggih kangmas, inggih, inggih, inggih."
- "Mula yayi, yen wis ngerti tambine pucang golek-ana susuhing angin. Endi susuhing angin ana wadak
- 175 manungsa apa susuhing angin urip dumunungan napas. Kena kangge mopus. Nek enom ngunduri tua tingkah laku sing prasaja ajat tumindak kena kangge pituladha. seneng ki nek dipek dhewe, anak ki ora diwenehi contone kaya kanjeng ibu ngene iki."

- 180 "O mekaten kangmas, inggih. Kawula setya tuhu badhe kawula lampahi menapa ingkang dadi saran paduka mekaten kangmas."
- "Kesenengan ditata yaayi, nyambut gawe sing gemi sing setiti ngati-ngati. Yen entuk kaya dicelengi,
- 185 nek celengane wong urip neng alam donya, siji lek isa mapakake jiwa peneruse. Loro lek makarya sak bendinane. Nanging nek celengane kanggo sangu mati apa lehe manambah marang gustine. Sing suci lahir tumus kebatinane, manut karo agamane dhewe-dhewe. Muhammad
- 190 golekana galihe kakung, nggrayang sangkan paraning dumadi. Sangkaning manungsa saka ngendi. Sakaning manungsa titahing Gusti Allah kang Maha Suci. Dadine manungsa dilantarake wong tua kakung lan putri. Parane manungsa manuta karo tinulising Gusti. Nadyan
- 195 Gusti nyipta manungsa ki, gak enek lha dhi manungsa thukul ka tengahe bumi, ora eneng manungsa thukul ka tengahing watu. Jer kabeh titahing Allah, tanpa ibu Fatimah ki ora dadi sliramu."
- "O mekaten kangmas inggih."
- 200 "Dosaning anak karo wong tua nek milik nyembule sing tenan-tenan kok rewangi adol rambut mbok ngge nyembule wong tua wadon ki ora sumbut. Luputing ibu sing antuk pitenahing sedagar Jaya Makuda. Lha kok sliramu ora bisa paring pangapura. Muhammad, gusti
- 205 gelem paring pangapura sapa kawulane sing gelem mertobat karo gustine tetep diwenehi pangapura dosa kaluputane. Lho nek sliramu ki titahing Gusti Allah ora gelem menahi pangapura karo wong tua, apa ra ngembari Gusti kang Maha Kawasa. Gek arep siku
- 210 ndhendha apa sing kok sangga. Pikiren pituturing pun kakang iki yayi."
- "Inggih sedaya masalah anggen paduka maringi pangertosan dateng rayi menika, kawula setia tuhu badhe kawula lampahi mekaten kangmas."
- 215 "Parane manungsa kudu nyang ngendi. Manuta tinulising Gusti. Aku kowe neng alam donya ki wayang ibarate, alam donya larapane Gusti, malaikat yagane, Gusti Allah dalange. Nek pancen milik dadi wayang kinacek sesamaning wayang, ayoh dadia wayang sing
- 220 cedhak karo dhalang, manuta leh nglakokke dhalang. Kowe dadi wayang aja nggae lakon dhewe. Wayang ki nek nggae lakon dhewe sok ora cocok karo kareping dalang mundak klera-kleru arahe. Mula nek dadi wayang cedhak karo dhalang tenan bakal luhur wekasane. Nek dhapukmu
- 225 wayang pinggirane bala kiwa tur gedhi-gedhi, arang kadhing dicandhak dhalang dikeplak-keplekke paling pol ming dingge malihan, ngerti pa-ra."
- "O mekaten kangmas nggih nggih."

- "Muhammad, mula nek sliramu ngerti isineng
 230 cangkriman iki setia tuhu manembah gusti, nek agamane
 Islam sregep leh ngaji, ngajeni rama kyai. Sebab kuwi
 sing nuntun piwulang manembah gusti. Bektia karo wong
 tua kakung putri. Sregep ngaji, ngajeni rama kyai.
 Nanging kowe wani wong tua kakung karo putri, mbokme-
 235 nawa kuwi ya kurang suci. Sebab kuwi pangeran kang
 maujud. Apa maneh Ibu Fatimah, wong tua wedok. Sa-
 ngang sasi leh mbobot, patang puluh dina leh repot.
 Perang sabil nglairake putra ki totohane nyawa. Kuwi
 dumunungan sabda pandhita nyabdakke anak sepisan
 240 mandi, eling-eling kuwi dalanmu sing nomer siji. Lha
 kok kowe arep lali. Apa ora wedi lek bakal antuk siku
 dhendhane gusti. Aja wani karo maratua. Bener maratua
 ki mara-mara wis tua, nanging elingo kuwi sing ganjar
 kenikmatan anak mantu tanpa upama."
 245 "O mekaten kangmas, inggih."
 "Jajal kowe ngingu pitik, pitikmu ilang colong
 tanggamu, lak gedhe pangapuramu. Nek sak dumuk bathuk
 sanyari bumi siji jarak anake loro sing dicolong
 ganjaran leh ngganjar maratuane, kuwi totohane pecahe
 250 dhadha lutakke ludira. Dadi nek gelem karo ganjarane,
 kowe mantu ya ngajenana karo sing ngganjar ya Dhi."
 "O inggih mekaten kangmas, inggih."
 "Aja kaya sing nerbang Muhammad."
 "Dalem kangmas."
 255 "Semono kuwi ayoh nek pancen kowe wis ngerti.
 Jajal yayi iki ngono pepundhenanmu ora kenek si adhi
 mutungi kelawan kanjeng ibu. Nek kanjeng ibu iki
 ora entuk pitenah liyan tak ibarate kewan, wong
 macan ae ora tega karo gogore dhewe, apa maneh ma-
 260 nungsa kok tega karo rohe. Nek pancen ora saka lamis
 samundanane sedagar Jaya Makuda. Kaya ngeneki lho
 yayi becik ketitik ala ketara. Sura dira jaraning
 kalebur dening pangastuti. Arepe ngakua pinter nek
 gaene mintering leliyan, aku kowe dadi wong ngerti
 265 selagine ngerti ati-ati. sekira bakal luhur wekasane.
 Ayoh sungkema karo iki wong tuamu yayi."
 "O mekaten kangmas inggih. O kanjeng ibu, kawula
 ngaturaken sungkem mugu kunjuk teng ngarsa penjenen-
 gan kanjeng ibu."
 270 "Muhammad putraku ngger. Sejatine sliramu putra
 sing wijaksana. Upamane tanpa sliramu sekira ibu wis
 mati. Nanging giniya Fatimah kok bundhel banget
 pemikirane. Dilabuhi anak kaya ngono kok ora tak
 trima. Wis ya nak, aku njaluk pangapura sepira kelu-
 275 putaku marang kowe Ahmad-Muhammad."
 "Sampun, sampun kanjeng ibu. Sampun dipun galih
 sanget-sanget. Mangga-mangga sami nyenyuwun dhateng

- ngarsaning Gusti kang Maha Agung supados kula lan penjenengan dipun paringa teguh rahayu, slamet saengga
 280 ga slamet ndonyane dumugi akheratipun, mekaten kanjeng ibu."
 "Kanjeng ibu inggih mangga kula ndherekaken."
 "Mangga ibu kula ndherekaken. Mangga kanjeng
 ibu."
 285 "Muhammad."
 "Dalem."
 "Iki sapa kok ana wong canthas-canthas loro ayu-
 ayu iki."
 "O mekaten kanjeng ibu. Yen ta ibu ndangu kala
 290 wau piyantun kalih kala wau garwa kula mekaten kanjeng
 jeng ibu."
 "Bojomu sing endi Muhammad."
 "Sadaya kala wau garwa kula."
 "Oh anakku ngger Muhammad. Lha kok kurang ajar
 295 kowe kok ulang-ulang rabi loro ki piye ta Muhammad."
 "Oh kanjeng ibu."
 "Sampun-sampun ibu sadaya menika saderma kantung
 nglampahi. Kanjeng ibu sampun dangu-dangu wonten
 dalan prapatan. Mangga kula ndherekaken kereta joli
 300 jumpana, sali busana, kawula ingkang badhe nyuwar-
 gaaken paduka wonten kraton Mesir menika mekaten."
 "Mangga kanjeng ibu kula aturi minggah."
 "Ayo-ayo ngger."
 "Mangga-mangga."

XVII

PENUTUP

(Janturan):

Shalatullah Salamullah.
'Ala thaha Rosulillah.
Shalatullah Salamullah.
'Ala yasin Habibilla.

5 Tawassalna Bibismillah.
Wabil hadi Rosulillah.
Wakulil Mujahidin lilah.
Bi ahlil badri ya Allah.

Sampun tamat lampahing kula.
10 Ahmad-Muhammad judul cinaritane.
Sampun kasuargakke marang lho sang putra.
Sholawat badar iringan nira.

Nandhur jagung nok tengah latar.
Mangan ketupat bumbune klapa.
15 Iki kentrung sampun bubar.
Menawi lepat nyuwun ngapura.

Shalatullah Salamullah.
'Ala thaha Rosulillah.
Shalatullah Salamullah.
20 'Ala yasin Habibilla.

Ilahi sallimil ummah.
Minal afati waniqmah.
Wamin hamin wamin ghummah.
Bi ahlil badri ya Allah.

25 Shalatullah Salamullah.
'Ala thaha Rosulillah.
Shalatullah Salamullah.
'Ala yasin Habibilla.

(Kandha):

Matur sembah nuwun dhumateng para bapak, ibu,
30 para adhik sedaya ingkang kersa midhangetaken keseni-
an tradisional kentrung Sedya Rukun saking Patik
Batangsaren kecamatan Kauman Kalangbret kabupaten
Tulungagung. Inggih kados ngaten menika kala wau
babaring carios Ahmad-Muhammad. Mugi-mugi lelampahan
35 Ahmad-Muhammad ingkang kawula ceritaaken wonten
daleming ibu Mariati, ingkang ala sageda sambarana,

manfaate ingkang sanget nuju prana mugi katampi ya
ibu Mariati sakuluarga kalihso inggurbedha bebas
kathahing bebaya. Mugi-mugi antuk berkahing Allah,
40 pinaringan panjang yuswa, rejeki ingkang turahing
pangrembaka. Kula atas dalang kalebet yaga kawula
kirang sopan santun, keladuk anggen kawula carita
kawula nyuwun agung sih pangapunten wonten arsa
penjenengan sesami. Assalamu'alaikum warahmatullahi
45 wabarokatu.

3.3 Catatan Transkripsi

Di bawah ini dimuat sejumlah kata yang terdapat di dalam teks cerita kentrung AM. Kolom sebelah kiri ialah tempat kata-kata itu dicatat, dan kolom sebelah kanan merupakan tempat penjelasan, pembedaan, dan lain-lain. Kata-kata yang dimuat di kolom sebelah kiri ialah kata-kata yang dipilih berdasarkan anggapan bahwa kata-kata tersebut merupakan kata-kata yang perlu diketahui oleh pembaca.

Catatan ini dibagi menjadi dua bagian. Catatan 1 memuat kata-kata yang berupa "salah ucap" (su), "salah menggunakan kata" (smk), "penyingkatan kata" (pk), "salah ejaan" (se), dan "dialek" (d). Catatan 2 memuat sejumlah kata sulit, istilah yang dipakai di desa, dan lain-lain.

Dalam cerita kentrung AM, setiap kata mempunyai frekuensi pemunculan yang berbeda-beda. Ada sebuah kata yang hanya diucapkan satu kali, tetapi ada juga sebuah kata yang diucapkan berulang-ulang. Kata yang digunakan lebih dari satu kali, dalam catatan transkripsi dicatat satu kali. Agar kutipan menjadi ringkas, digunakan penyingkatan pada bagian cerita, yaitu pd (menunjukkan pendahuluan), b (menunjukkan babak), dan pt (menunjukkan penutup). Contoh penulisannya sebagai berikut.

- *guething* (d) : *gething*
(pd:3)

berarti kata *guething* di atas dikutip dari bagian pendahuluan, baris ke 3.

- *tak tampa* (se) : *dak tampa*
(b3:12)

berarti kata *tak tampa* di atas dikutip dari babak 3, baris ke 12.

Catatan 1

adhiningpun (su) : *adhinipun*
(b5:91)
ae (d) : *wae*
(b15:66)
ampun (pk) : *sampun*
(b1:230)
bang bayik (d) : *jabang bayi*
(b5:250)
bar (pk) : *bubar*
(b9:17)
dagangaku : *daganganku*
(b2:47)
dhuik (d) : *dhuit*
(b2:49)
didu (pk) : *diadu*
(b13:8)
dikon (pk) : *dikongkon*
(b2:7)
enek (d) : *ana*
(b3:190)
eneng (d) : *ana*
(b15:177)
engko (d) : *mangko*
(b4:51)
enten (d) : *wonten*
(b1:3)
eruh (pk) : *weruh*
(b2:50)
etan (pk) : *wetan*
(b1:295)

<i>gaene</i> (pk) (b15:241)	: <i>gawene</i>
<i>guething</i> (d) (b4:186)	: <i>gething</i>
<i>isik</i> (d) (b14:25)	: <i>isih</i>
<i>ja</i> (pk) (b4:115)	: <i>aja</i>
<i>jim</i> (d) (b15:143)	: <i>jin</i>
<i>jok</i> (d) (b4:52)	: <i>aja</i>
<i>joklo-joklo</i> (su) (b15:132)	: <i>joglo-joglo</i>
<i>ka</i> (pk) (b2:58)	: <i>saka</i>
<i>kadhimu</i> (d) (b1:212)	: <i>adhimu</i>
<i>kangge</i> (se) (b2:20)	: <i>kanggo</i>
<i>kedhikian</i> (b9:38)	: <i>kedhisikan</i>
<i>kenek</i> (d) (b1:43)	: <i>kena</i>
<i>kesowan</i> (smk) (b3:23)	: <i>kasowanan</i>
<i>ketrima</i> (se) (b1:157)	: <i>katrima</i>
<i>ki</i> (pk) (b2:34)	: <i>iki</i>
<i>kliru</i> (pk) (b12:107)	: <i>keliru</i>
<i>kuathah</i> (d) (b5:132)	: <i>kathah</i>
<i>kuranjang</i> (su) (b3:263)	: <i>keranjang</i>
<i>lek</i> (d) (b1:176)	: <i>olehe</i>
<i>marga</i> (pk) (b12:185)	: <i>amarga</i>
<i>mekaten</i> (se) (b1:87)	: <i>makaten</i>
<i>menapa</i> (se) (b1:267)	: <i>punapa</i>
<i>meng</i> (d) (b1:211)	: <i>namung</i>
<i>meng</i> (d) (b3:195)	: <i>mau</i>

<i>mengke</i> (se) (b12:179)	: <i>mangko</i>
<i>mengko</i> (se) (b4:66)	: <i>mangkop</i>
<i>menika</i> (se) (b1:16)	: <i>punika</i>
<i>Mengkasar</i> (su) (b14:8)	: <i>Makasar</i>
<i>mik</i> (d) (b3:166)	: <i>namung</i>
<i>ming</i> (d) (b1:167)	: <i>namung</i>
<i>mono</i> (d) (b3:128)	: <i>ngono</i>
<i>mpun</i> (pk) (b4:153)	: <i>sampun</i>
<i>na</i> (pk) (b1:54)	: <i>ana</i>
<i>nang</i> (d) (b5:329)	: <i>menyang</i>
<i>napa</i> (se) (b3:61)	: <i>apa</i>
<i>nawane</i> (su) (pd:31)	: <i>nyawane</i>
<i>nayu</i> (d) (b15:7)	: <i>ayu</i>
<i>ndi</i> (pk) (b1:191)	: <i>endi</i>
<i>nebutake</i> (su) (pd:31)	: <i>nyebutake</i>
<i>nehmu</i> (d) (b12:107)	: <i>olehmu</i>
<i>nek</i> (d) (b1: 164)	: <i>menawa</i>
<i>ngarsa</i> (se) (b1:50)	: <i>arsa</i>
<i>ngaten</i> (d) (b1:123)	: <i>makaten</i>
<i>ngge</i> (pk) (b5:318)	: <i>kanggo</i>
<i>nggen</i> (pk) (b3:141)	: <i>panggenan</i>
<i>ngipi</i> (pk) (b14:22)	: <i>ngimpi</i>
<i>ngokon</i> (d) (b3:290)	: <i>ngongkon</i>
<i>niki</i> (se) (pd:20)	: <i>iki</i>

<i>ning</i> (d) (b1:167)	: <i>menawa</i>
<i>ningkang</i> (d) (b5:151)	: <i>ing kang</i>
<i>nira</i> (se) (b1:50)	: <i>sira</i>
<i>njenengan</i> (pk) (b4:214)	: <i>panjenengan</i>
<i>njih</i> (d) (b5:146)	: <i>ing gih</i>
<i>njur</i> (pk) (b1:212)	: <i>banjur</i>
<i>nok</i> (d) (pn:13)	: <i>ana</i>
<i>nong</i> (d) (pd:45)	: <i>ing</i>
<i>nono</i> (d) (b1:48)	: <i>ana</i>
<i>nora</i> (d) (pd:36)	: <i>ora</i>
<i>nya</i> (d) (b5:46)	: <i>ana</i>
<i>nyandi</i> (pk) (b4:70)	: <i>menyang endi</i>
<i>nyang</i> (pk) (b1:52)	: <i>menyang</i>
<i>nyangapa</i> (pk) (b3:98)	: <i>menyang apa</i>
<i>onok</i> (d) (b1:294)	: <i>ana</i>
<i>panci</i> (d) (b3:71)	: <i>pancen</i>
<i>pembukane</i> (se) (pd:2)	: <i>pambukane</i>
<i>penjenengan</i> (se) (b1:79)	: <i>panjenengan</i>
<i>peparinge</i> (se) (pd:4)	: <i>paparinge</i>
<i>pitenahing</i> (se) (b15:184)	: <i>fitnahing</i>
<i>plancuran</i> (se) (pd:42)	: <i>pancuran</i>
<i>pradusunan</i> (se) (b10:1)	: <i>padusunan</i>
<i>prayogana</i> (su) (b1:67)	: <i>prayogane</i>
<i>precaya</i> (se) (b4:52)	: <i>percaya</i>

<i>pulo</i> (d) (b2:22)	: <i>pulau</i>
<i>pun</i> (pk) (b5:471)	: <i>sampun</i>
<i>puniki</i> (su) (pd:16)	: <i>punika</i>
<i>ra</i> (pk) (b1:167)	: <i>ora</i>
<i>rumangsamu</i> (se) (b3:184)	: <i>rumasamu</i>
<i>sakdaya</i> (se) (b5:579)	: <i>sadaya</i>
<i>sangka</i> (d) (b1: 161)	: <i>saka</i>
<i>semudhung</i> (se) (b1:151)	: <i>sumudhung</i>
<i>sik</i> (d) (b5:511)	: <i>isih</i>
<i>sipat</i> (se) (b12:141)	: <i>sifat</i>
<i>siyen</i> (d) (b4:130)	: <i>rumiyin</i>
<i>suarga</i> (se) (pd:35)	: <i>surga</i>
<i>suwun</i> (se) (b3: 43)	: <i>nuwun</i>
<i>tak</i> (se) (b1:61)	: <i>dak</i>
<i>tasik</i> (d) (b5:491)	: <i>tasih</i>
<i>tekan</i> (d) (b1:62)	: <i>teka</i>
<i>teng</i> (pk) (b1:79)	: <i>dhateng</i>
<i>trupaya</i> (d) (b13:134)	: <i>supaya</i>
<i>tuwek</i> (d) (b3:229)	: <i>tua</i>
<i>urung</i> (pk) (b1:189)	: <i>durung</i>
<i>we</i> (pk) (b9:17)	: <i>kowe</i>
<i>wi</i> (pk) (b5:255)	: <i>kuwi</i>
<i>wong</i> (pk) (b5:315)	: <i>uwong</i>
<i>wote</i> (pk) (b5:182)	: <i>uwote</i>

Catatan 2

<i>dipandang</i> (b4:33)	: dipandang dengan tajam
<i>entek</i> (b5:206)	: habis
<i>jujul</i> (b3:145)	: uang kembalian
<i>katam</i> (b1:270)	: tamat membaca Al Qur'an 30 Juz
<i>karuh</i> (b12:213)	: dimadu
<i>lutak</i> (b5:486)	: muntah
<i>mari tok</i> (b5:23)	: baru saja
<i>mbangkong</i> (b9:39)	: bangun siang
